**муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**средняя общеобразовательная школа № 31**

Утверждено на заседании МО
учителей осетинского языка
и литературы
Чараева Т.Ц.
от 28.08. 2023 протокол № 1

Утверждаю
Директор МБОУ СОШ № 31
З.А.Варзиева
28.08.2023 протокол № 1

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА по осетинскому языку
## для учащихся 8-х классов по УПМ «Ирон æвзаг»
автор – Дзасохова Ф.К.
(2023-2024 учебный год)

2023-2024 г.

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ АХУЫРАДОН ПРОГРАММÆ 5–11-ÆМ КЪЛÆСТÆН

### Æмбарынгæнæн фыстæг

Ахуырадон предмет «Ирон æвзаг»-ы кусæн программæ (5 – 11 къл.) арæзт у ахæм бындурæвæрæг документтæм гæсгæ:

• Федеральный закон от 29.12.2012 N 273-ФЗ «Об образовании в Российской Федерации» (ред. от 29.12.2017);

• Федеральный государственный образовательный стандарт основного общего образования (в ред. Приказа Минобрнауки РФ от 31.12.2015 № 1577);

• Федеральный государственный образовательный стандарт среднего общего образования (в ред. Приказа Минобрнауки РФ от 31.12.2015 № 1578);

• Ирон æвзаджы программæ 1 – 11 кълæстæн (ныффидар æй кодта Цæгат Ирыстон – Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрад 2017 азы).

Цæгат Ирыстоны-Аланийы ис дыууæ паддзахадон æвзаджы: ирон æмæ уырыссаг. Ирон æвзагæй адæм пайда кæнынц се ’рвылбоны царды æмæ æхсæнадон-политикон, барадон, наукон, культурон архайды, ахуырад æмæ аивадон-дзырдон сфæлдыстады. Уый у æвзагон/ныхасон æрмæг хъахъхъæныны æмæ йæ иу фæлтæрæй иннæмæ дæттыны сæйраг фæрæзтæй иу.

Ирон æвзаджы лексикон-грамматикон, стилистикон фæрæзтæ сты хъæздыг, йæ аивадон-нывгæнæн мадзæлттæ – бирæ æмæ ахадгæ. Уымæ гæсгæ æвзагæн йæ бон у царды домæнтæн дзуапп дæттын, йæ размæ æвæрд хæстæ æнæкъуылымпыйæ æххæст кæнын. Йæ ахуыр кæнын ахъаз у уырыссаг æмæ æндæр æвзæгтæ хуыздæр æмæ æнцондæрæй базонынæн дæр.

Ахуырадон предмет «Ирон æвзаг» скъоладзаутæн зонындзинæдтæ дæтты мадæлон æвзаджы тыххæй, амоны, æвзагæй алыхуызон уавæрты куыд пайда кæнын хъæуы æмæ йæ кæцы хæйттæй, уый; скъоладзау ахуыр кæны ирон культурæйы удварнон хъæздыгдзинад æмæ литературæ, æмзонд у йæ адæмимæ, стæй хайджын кæны æппæт адæмты культурон-историон фæлтæрддзинадæй.

Предмет «Ирон æвзаг» ахуыр кæныны сæйраг ***нысæнттæ*** сты:

1) ирон (мадæлон) æвзагмæ æмбæлгæ ахаст хъомыл кæнын, куыд культурæйы вазыгджын фæзынд æй æмбарын кæнын;

2) удварнон-эстетикон хæзна кæй у, уый æмбарын кæнын;

3) мадæлон æвзаг ныхас кæныны æмæ ахуырадон архайды сæйраг фæрæзтæй иу, адæймаджы архайды бæлвырд къабæзты зонындзинæдтæ райсыны мадзал, æхсæнады фидаргонд этикон нормæтæ базоныны амал кæй у, уый æмбарын кæнын;

4) вазыгджындæр иумæйагахуырадон арæхстдзинæдтæ æмæ универсалон ахуырадон архæйдтытæ (архайды нысан амонын, фæтк ын æвæрын, библиографион агуырд кæнын, алыхуызон æвзагзонынадон дзырдуæтты æмæ æндæр æвзæрæнты хъæугæ информаци арын, уыимæ дзыллон хабархæссæг фæрæзтæй æмæ Интернетæй, тексты мидисыл кусын) базонын кæнын;

5) æвзаджы системæйы арæзты тыххæй æмæ, куыд кусы, уый тыххæй, ирон литературон æвзаджы стилистикон фæрæзтæ æмæ сæйраг нормæты тыххæй зонындзинæдтæ райсын; æвзагон фæзындтæ уынын, иртасын, кæрæдзиуыл сæ барын, классификаци сын кæнын æмæ сын аргъ дæттыны ахуырадон æмæ æндæр арæхстдзинæдтæ рæзын кæнын;

6) дзургæ æмæ фысгæ ныхасы культурæ, ныхас кæнынимæ баст архайды хуызтæй, æвзаджы фæрæзтæй алыхуызон уавæрты пайда кæныны æгъдæуттæ, ныхасы этикеты нормæтæ базонын; активон дзырдуат хъæздыг кæнын;

7) зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæй практикон хуызы пайда кæнынил ахуыр кæнын.

## Ахурадон предметы иумæйаг характеристикæ

Ирон æвзаг скъолайы ахуыр кæныны сæрмагонд нысæнттæ сты: скъоладзаутæм *коммуникативон, æвзагон, лингвистикон* æмæ *культурæзонæн* компетенцитæ рæзын кæнын.

*Коммуникативон компетенци* нысан кæны мадæлон æвзагæй ныхасы алыхуызон уавæрты, ныхасы темæ æмæ нысæнттæм гæсгæ пайда кæнынмæ арæхсын; дзургæ æмæ фысгæ ныхасы культурæйы бындуртæ зонын; скъоладзау цы кары ис, ахуыры алы къæпхæнты (5 – 7, 8 – 9, 10 – 11 кълæсты) йæ фæлтæрддзинад æмæ психологион миниуджытæ цавæр сты, уымæ гæсгæ ныхас кæнынмæ арæхсын.

*Æвзагон компетенци* у:

*зонын:*

- мадæлон æвзаг куыд нысанон системæ æмæ æхсæнадон фæзынд;
- æвзагæн йæ арæзт;
- æвзаг куыд рæзы æмæ дзы куыд пайдагæнæн ис;
- ирон литературон æвзаджы сæйраг нормæтæ;
- фаг дзырдуатон æрмæг;

*пайда кæнынмæ арæхсын:*

- ирон литературон æвзаджы сæйраг нормæтæй;
- æвзаг æмæ ныхасы аивгæнæн мадзæлттæй;
- алыхуызон лингвистикон дзырдуæттæй.

*Лингвистикон компетенцимæ* хауынц скъоладзауты зонындзинæдтæ наукæ «Ирон æвзаг»-æй, йæ хæйттæ æмæ æвзаг наукон æгъдауæй ахуыр кæныны нысæнттæ, стæй, ирон æвзаджы фæрстытæ цы ахуыргæндтæ иртæстой, уыдоны тыххæй æрмæг зонын.

*Культурæзонæн компетенци* баст у, æвзаг националон культурæйы тыххæй дзурыны формæ кæй у, уый æмбарынадимæ, адæмы æвзаг æмæ истори баст кæй сты, ирон æвзагæн националон-культурон æууæлтæ кæй ис; ирон ныхасы этикеты нормæтæ зонынимæ.

Ахуырады сæйраг иумæйаг хæстæ æмбæлгæ хуызы æххæст кæнæн ис, æвзаг æмæ ныхас тынг хорз зонгæйæ. Коммуникативон æмæ культурæзонæн компетенцитыл фылдæр ахуыр кæнынц ныхасы рæзтыл кусгæйæ, лингвистикон компетенци та рæзы, æвзаджы системæ ахуыр кæнгæйæ.

Ирон æвзаджы программæйы æнгом баст сты йæ дыууæ структурон хайы: «Æвзаджы системæ» æмæ «Ныхасы рæзт» – ныхасы культурæ рæзы, æвзаджы системæ, йе 'гъдæуттæ ахуыр кæнгæйæ; æвзаджы системæ та æмбæрстгонд цæуы ирон ныхасы хуызæгты (алыхуызон текстты) бындурыл.

Амынд нысæнттæ къухы бафтыны тыххæй æххæст кæнын хъæуы ахæм ***хæстæ***:

- скъоладзаутæн базонын кæнын, æвзагыл æхсæнады царды цы хæстæ æвæрд ис, цавæр бынат ахсы ирон адæмы царды, цæмæй хъæздыг у, цавæр сты йæ аивгæнæн мадзæлттæ; бæлвырд зонындзинæдтæ раттын ирон литературон æвзаджы фонетикæ, графикæ, орфоэпи, орфографи, лексикæ, морфемикæ, дзырдарæзт, морфологи, синтаксис, пунктуаци æмæ стилистикæйæ, стæй, райст зонындзинæдтæй практикон архайды куыд пайдагæнæн ис, уый тыххæй;
- скъоладзауты ныхас рæзын кæнын: хъæздыг сын кæнын сæ активон æмæ пассивон дзырдуат, раст аразын сæ ныхасы грамматикон сконд; архайын, цæмæй базоной литературон æвзаджы нормæтæ, зоной æмæ арæхсой алыхуызон коммуникативон уавæрты дзургæ æмæ фысгæ ныхасæй раст æмæ уæгъдибарæй пайда кæнын;
- амонын æмæ хуыздæр кæнын орфографион æмæ пунктуацион арæхстдзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинæдтæ;
- хи ныхасы арæзтмæ хъус дарын;

- ахуырадон æмæ наукон литературæимæ кусын, алыхуызон дзырдуæттæй æмæ æндæр æххуысгæнæг литературæйæ, уыимæ дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ æмæ Интернетæй хъæугæ æрмæг исын.

**Ирон æвзаджы программæ базоныны удгоймагон, метапредметон, предметон фæстиуджытæ**

***Удгоймагон фæстиуджытæ:***

1) ирон æвзаг ирон адæмы сæйраг национ-культурон хæзнатæй иу кæй у, уый æмбарын; мадæлон æвзаджы ахсджиаг бынат адæймаджы интеллектуалон, сфæлдыстадон æмæ удварнон рæзты уынын;

2) ирон æвзааг эстетикон хæзна кæй у, уый æмбарын; мадæлон æвзагæн аргъ кæнын зонын, сæрыстыр дзы уæвын; ирон æвзаджы сыгъдæгдзинад куыд националон культурæйы фæзынд æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнынысл архайын; хи ныхасы культурæ бæрзонд кæнынмæ тырнын;

3) дзырдуат хъæздыг кæнын грамматикон фæрæзтæ зонын, хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ раст æмæ уæгъдибарæй æвдисынмæ арæхсын; хи ныхасæн раст аргъ кæнын.

***Метапредметон фæстиуджытæ*** (скъоладзаутæ сæйраг иумæйаг программæ куыд базонынц, уый æвдисæнтæ):

1) ныхасон архайды æппæт хуызтæ зонын:

*хъусын æмæ кæсын:*

- тексты темæ æмæ йæ сæйраг хъуыды, стиль бæрæг кæнын;
- кæсыны алы хуызтæ зонын (агурын, æркæсын, зонгæ кæнын) æмæ сæ алыхуызон стильтæ æмæ жанрты текстты пайда кæнын;
- тексты хъæугæ хъусынгæнинаг агурын;
- цалдæр текстæн сæ хуыз æмæ сæ мидис абарын;
- алыхуызон фæрæзтæй (уыимæ дзыллон хабархæссæг фæрæзтæй, компакт-дисктæй, Интернеты фæрæзтæй) хъæугæ æрмæг исынмæ арæхсын;
- дзырдуæтты алы хуызтæй, æххуысгæнæг литературæйæ (уыимæ электронон хæсджытыл дæр) уæгъдибарæй пайда кæнын;
- бæлвырд темæйæ æрмæг æмбырд кæнын æмæ йæ систематизаци кæнын зонын; хи хъаруйæ хъусынгæнинаг агурын; кæсгæ æмæ хъусгæйæ цы æрмæг базыдтой, уый ивын, æвæрын æмæ хъусын кæнын;
- ныхасон зæгъдтытæ сæ мидисмæ гæсгæ æрæмных кæнын æмæ абарынмæ арæхсын, сæ стилистикон хицæндзинæдтæ æмæ æвзагон фæрæзты æвзарын;
- ныхасы хуыз иртасын æмæ ивын зонын;
- текстмæ байхъусын кæнæ йæ бакæсыны фæстæ йыл бакусынмæ арæхсын (пълан, хи ныхæстæй дзурын, конспект, аннотаци);
- тексты сæйраг æмæ фæрссаг хъусынгæнинаг иртасын; тексты темæ æмæ идейæ бæрæг кæнын;
- текстмæ байхъусыны кæнæ йæ бакæсыны фæстæ йæ бындурыл ныхас аразын, диалогты архайын, хи фиппаинæгтæ дзургæйæ æмæ æнкъарæнтæ æвдисгæйæ;
- нывтæм гæсгæ диалогтæ хъуыды кæнын;
- диалоджы архайынмæ æмæ йæ аразынмæ арæхсын;
- текстæн лексикон-грамматикон æмæ стилистикон раиртæст кæнын;
- алы хуызты фысгæ æмæ дзургæ текстæ, ныхасы стильтæ æмæ жанртæ аразынмæ арæхстдзинад æвдисын, кæрæдзиимæ ныхас кæныны уавæр, йæ нысан æмæ адресат хынцгæйæ;
- хи хъуыдытæ дзургæ æмæ фысгæ формæйы раст, уæгъдибарæй дзурынмæ арæхстдзинад æвдисын, текст аразыны нормæтæ æххæст кæнын (логикондзинад, ны-

хасы хæйтты кæрæдзи фæдыл раст æвæрд, сæ бастдзинад, темæйæн дзуапп дæттын), æцæгдзинады хабæрттæ æмæ фæзындтæм раст ахаст æвдисын;

- монолоджы (таурæгъ, æрфыст, тæрхæттæ; монолоджы алы хуызты бастдзинæдтæ) æмæ диалоджы алы хуызтæ (этикетон, диалог-бафарст, диалог-разæнгард кæнын, диалог-дзурджыты цæстæнгасты æвдыст æ. æнд.) зонын;

- дзургæйæ ныры́ккон ирон æвзаджы сæйраг орфоэпион, лексикон, грамматикон, стилистикон нормæтæ æххæст кæнын; фысгæ ныхасы орфографи æмæ пунктуацийы сæйраг æгъдæуттæ æххæст кæнын;

- этикеты нормæтæ æххæстгæнгæйæ ныхасы архайынмæ арæхсын;

- ныхас кæнгæйæ, цæсгомы, къухы змæлдтытæй хъæугæ хуызы пайда кæнын;

- хи ныхасы мидисæн, æвзагон арæзтæн аргъ кæнын; грамматикон æмæ ныхасон рæдыдтытæ арын æмæ сæ раст кæнын; хи тексттæ хуыздæр кæнын æмæ редакци кæнын;

- чысыл хъусынгæнинæгтæ, реферат, доклад кæнынмæ арæхсын; быцæу ныхасы архайын, актуалон темæтыл дзурынмæ арæхсын;

2) райст зонындзинæдтæй, арæхстдзинæдтæй, фæлтæрддзинадæй æрвылбоны царды уавæрты пайда кæнын; ирон æвзагыл цы предметтæ ахуыр кæнынц æмæ цы æндæр уавæрты бахъæуы, уым мадæлон æвзагæй пайда кæнын;

3) алыварс адæмимæ ныхас кæнын зонын, иумæйаг хæстæ æххæст кæнын, быцæу ныхасы архайын, актуалон темæты фæдыл дзурын; этикетон ныхасы нормæты националон-культурон нормæтæ зонын æмæ сæ пайда кæнын формалон æмæ æнæформалон уавæрты.

***Предметон фæстиуджытæ:***

1) зонын æвзаджы сæйраг функцитæ, ирон æвзаг куыд ирон адæмы националон æмæ паддзахадон æвзаг, адæмы æвзаг æмæ культурæйы бастдзинад, мадæлон æвзаджы бынат адæймаг æмæ æхсæнады царды;

2) æмбарын мадæлон æвзаджы бынат ирон гуманитарон наукæты æмæ ахуырады;

3) базонын мадæлон æвзаджы наукон зонындзинæдты бындуртæ; йæ æмвæзад æмæ иуæгты бастдзинады æмбарынад райсын;

4) базонын лингвистикæйы бындурон æмбарынæдтæ: лингвистикæ æмæ йæ сæйраг хæйттæ; æвзаг æмæ ныхас, ныхас кæнын, дзургæ æмæ фысгæ ныхас; монолог, диалог æмæ сæ хуызтæ; ныхас кæныны уавæр; дзургæ ныхас, наукон, публицистикон, официалон-хъуыддагон стильтæ, аивадон литературæйы æвзаг; наукон, публицистикон, официалон-хъуыддагон стильты æмæ дзургæ ныхасы жанртæ; ныхасы функционалон-хъуыдыйон хуызтæ (таурæгъ, æрфыст, тæрхæттæ); текст, тексты хуызтæ; æвзаджы сæйраг иуæгтæ, сæ бæрæггæнæнтæ æмæ хицæндзинæдтæ ныхасы;

5) зонын ирон æвзаджы лексикæ æмæ фразеологийы сæйраг стилистикон фæрæзтæ, ирон литературон æвзаджы сæйраг нормæтæ (орфоэпион, лексикон, грамматикон, орфографион, пунктуацион), зонын этикетон ныхасы нормæтæ æмæ сæ хи ныхасы пайда кæнын дзургæ æмæ фысгæ заægъдтыты;

6) дзырдæн алыхуызон æвзæрст кæнын (фонетикон, морфемон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион), синтаксисон æвзæрст дзырдбаст æмæ хъуыдыйадæн; текстæн дæттын бирæаспектон раиртæст йæ сæйраг æууæлтæ æмæ арæзтмæ гæсгæ, æвзаджы бæлвырд функционалон хуызтæм ахастмæ, се ’взагон арæзты хицæндзинæдтæ æмæ æвзаджы аивгæнæн фæрæзтæй пайдакæнынадмæ гæсгæ;

7) лексикон æмæ грамматикон синонимийы коммуникативон-эстетикон гæнæнтæ æмбарын æмæ сæ хи ныхасы пайда кæнын;

8) мадæлон æвзаджы эстетикон функци æмбарын, арæхсын ныхасы эстетикон фарсæн аргъ кæнынмæ, аивадон литературæйы текстæн раиртæст дæтгæйæ.

Скъолайы сæйрагдæр ахуыр кæнынц ирон литературон æвзаг, уымæ гæсгæ æвзагæн куыд предметæн æппæты æнгомдæр бастдзинæдтæ ис ирон литературæимæ. Æвзагон æрмæг арæхдæр ист цæуы ирон аивадон уацмыстæй; уыимæ, скъолайы литературæйы программæйы цы тексттæ амынд ис, уыдонæй дæр. Се 'рмæгæй пайдагæнгæйæ, æвзæрст цæуынц дзырдты лексикон, грамматикон æмæ стилистикон миниуджытæ, орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæ ахуыргонд цæуынц, хъуыдыйæдтæ æмæ тексты хæйтты бастдзинæдтæ. Æвзаг æмæ литературæйы бастдзинад вазыгджын у ныхасы рæзтыл кусгæйæ дæр.

Ныхасы рæзтыл кусыны темæтæ уæрст цæуынц грамматикон æрмæгыл, æмæ сын уымæ гæсгæ программæйы хицæнæй сахæттæ амынд нæй – ныхасы рæзтыл куыст цæуы алы урочы дæр. Культурæзонæн æмæ коммуникативон компетенцитæ рæзын кæныны тыххæй программæ пайда кæны ирон аив литературæйы, адæмон сфæлдыстады, публицистикон, наукон æмæ официалон-хъуыддагон тексттæй æмæ сæ скъуыддзæгтæй. Уымæй уæлдай ма программæмæ гæсгæ арæзт ахуыргæнæн чингуыты ис ахуырадон тексттæ – чингуыты авторты фыст тексттæ (тематикон пъланты бæрæггонд сты сæрмагонд нысанæй – *). Ацы программæйы сæрмагонд миниуæг у уый дæр, æмæ алы æвзагон темæ дæр æмбæрстгонд кæнæ фæлхатгонд цæуы бæлвырд ныхасон æрмæджы – тексты – бындурыл.

Изложенитæ æмæ нывæцæнты темæтæ æвзаргæйæ, архайын хъæуы, цæмæй уыцы куыстытæ æххуыс уой скъоладзауты фæллойадон, идейон æмæ этикон хъомыладæн.

Архайын хъæуы, цæмæй скъоладзаутæ ирон æвзаджы фæрцы фаг информаци исой æхсæнадон царды æппæт къабæзтæй æмæ иронау дзурын æмæ фыссын зоной сæхи æхсæнадон куысты фæлтæрддзинады, бинонты царды, райгуырæн хъæу, горæты тыххæй, æндæр адæмтæ æмæ бæстæты царды тыххæй.

Уроктæй уæлдай ма кæнын хъæуы консультацитæ, семинартæ, грамматикон хъæзтытæ, олимпиадæтæ æмæ æндæр куысты хуызтæ.

### Курс «Ирон æвзаджы» бынат ахуырадон пъланы

Ахуырадон пъланмæ гæсгæ 5 къласæй 9 къласы онг къуыри сахæтты ирон (мадæлон) æвзагæй ис 1,5 урочы, ома: 5 къласы – 51 сах., 6 къласы – 51 сах.,7 къласы – 51 сах., 8 къласы – 51 сах., 9 къласы – 51 сах. 10 æмæ 11 кълæсты ирон æвзаг ахуыр кæнынц къуыри 1 сахат: 10 къласы – 34 сах., 11 къласы – 33 сах.

### Курсы мидис
### Коммуникативон компетенци æвзæрынгæнæг мидис

***1. Ныхас***

Ныхасы æмбарынад. Ныхасы ситуаци. Дзургæ æмæ фысгæ ныхас. Диалогон æмæ монологон ныхас.

Ныхасы архайды хуызтæ: кæсын, хъусын, дзурын, фыссын. Ныхасы арæзт: экспозици, бабаст, архайды цыд, кульминаци, райхæлд, кæрон.

Ныхасы функционалон-мидисон хуызтæ: таурæгъ, æрфыст, тæрхæттæ. Этикетон ныхас, йæ арæзт æмæ хæстæ. Этикетон формулæтæ официалон æмæ æнæофициалон уавæрты: арфæ кæнын, салам дæттын, зонгæ кæнын, хабæрттæй æмæ æнæниздзинадæй фæрсын, курдиаты, хатыр курыны æмæ рæвдауæн ныхæстæ; хистæримæ, ныййарджытимæ, сывæллæттимæ ныхас.

***2. Текст***

Тексты æмбарынад, йæ сæйраг миниуджытæ. Тексты темæ, сæйраг хъуыды, микротемæ. Тексты структурæ. Тексты хæйтты æмæ хъуыдыйæдты бастдзинады мадзæлттæ æмæ хуызтæ.

Абзац куыд тексты композицион-стилистикон дихкæнынады фæрæз.

Вазыгджын синтаксисон æнæхъæн (ВСÆ); йæ арæзт æмæ семантикæ. Хъуыдыйæдтæ бæттыны лексикон-грамматикон фæрæзтæ вазыгджын синтаксисон æнæхъæны. Параллелон æмæ цæгон бастдзинæдтæ ВСÆ.

Тексты пъплан æмæ тезистæ куыд йæ информацион рацарæзты хуыз.

***3. Æвзаджы функционалон хуызтæ***

Æвзаджы функционалон хуызтæ: дзургæ ныхас; функционалон стильтæ: официалон-хъуыддагон, наукон, публицистикон; аивадон литературæйы æвзаг. Сæ лексикон, морфологион, синтаксисон миниуджытæ. Стильты сæйраг жанртæ.

Литературон æвзаг. Литературон æвзаджы нормæтæ. Нормæйы кодификаци.

Æвзаджы аивадон-нывгæнæн мадзæлттæ. Троптæ: эпитет, абарст, метафорæ, олицетворени, перифразæ, аллегори. Стилистикон фигурæтæ: антитезæ, параллелизм, градаци

## Æвзагон æмæ лингвистикон (æвзагзонынадон) компетенци æвзæрынгæнæг мидис

***4. Æвзаджы тыххæй иумæйаг зонындзинæдтæ***

Ирон æвзаг – ирон адæмы национ æвзаг, РЦИ-Аланийы дыуузæ паддзахадон æвзагæй иу; Республикæ Хуссар Ирыстоны паддзахадон æвзаг. Æвзаджы ахадындзинад æхсæнадон царды. Æвзаджы рæзты бастдзинад æхсæнады рæзтимæ.

Иумæйаг æмбарынад æвзæгты хæстæгдзинады тыххæй. Ирон æвзаджы бынат иннæ æвзæгты ’хсæн. Ирон æвзаджы диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытæ. Литературон æвзаг, диалект, ныхасыздæхт. Ирон æвзаджы рæзт.

Ирон æвзаджы сæйраг аивгæнæн мадзæлттæ.

Ирон æвзагзонынады историйæ. Ирон æвзагзонынады зынгæ ахуыргæндтæ.

***5. Фонетикæ æмæ орфоэпи***

Фонетикæ куыд æвзагзонынады хай. Хъæлæсонты системæ. Тыхджын æмæ лæмæгъ хъæлæсонтæ ирон æмæ дыгурон æвзæгты. Хъæлæсонты ивд ныхасы. Æмхъæлæсонты системæ. Раулæфтон æмæ æнæраулæфтон æвиппайдон æзылангон æмхъæлæсон мыртæ *(к, п, т, ц, ч)*. Раулæфт бæрæггæнæг дамгъæ *гъ (нæгъ, гъе)*. Уæнг. Цавд. Акцентуалон къордтæ.

Орфоэпийы тыххæй æмбарынад. Ирон литературон æвзаджы орфоэпион нормæ. Æмхъæлæсон мыртæ дз, ц, з, с-йы растдзурынад ирон литературон æмæ дыгурон литературон æвзæгты. Уырыссаг æмхъæлæсонтæ æмæ хъæлæсонты растдзурынад æрбайсгæ дзырдты.

Æмхъæлæсон æмæ хъæлæсон мырты ивддзинæдтæ.

Фонетикон æвзæрст.

***6. Графикæ***

Графикæ куыд æвзагзонынады хай. Мыртæ æмæ дамгъæты бастдзинад. Дыууæ нысанæй амынд мыртæ.

***7. Морфемикæ æмæ дзырдарæзт***

Морфемикæ куыд æвзагзонынады хай. Морфемæ куыд дзырды тæккæ къаддæр нысаниуæгджын хай. Морфемæты хуызтæ Дзырдаразæг æмæ формæаразæг морфемæтæ. Разæфтуан, фæсæфтуан куыд дзырдаразæг морфемæтæ. Уидаг. Æмуидагон дзырдтæ. Мырты ивынад уидаджы. Дзырдтæ аразыны хуызтæ. Бирæнысаниуæгон æмæ омонимон морфемæтæ. Ахадгæ, æнæахадгæ æмæ чысылахадгæ дзырдаразæн фæрæзтæ. Предметы æнæххæст кæнæ лæмæгъгонд æууæл чи нысан кæны, миногонты ахæм фæсæфтуантæ. Морфемæты стилистикон æууæлтæ. Бындур æмæ кæрон. Афтид кæрон. Уидаг, разæфтуан, фæсæфтуан æмæ кæроны хæстæ дзырды мидæг. Дзырдты морфемон æвзæрст.

***8. Лексикологи æмæ фразеологи***

Лексикологи куыд æвзагзонынады хай. Дзырд – лексикæйы иуæг. Дзырды лексикон нысаниуæг. Иунысаниуæгон дзырдтæ. Дзырдты бирæнысаниуæгад. Дзырды комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуæг. Дзырдты тематикон къордтæ. Æмбарынгæнæн дзырдуат.

Синонимтæ. Антонимтæ. Омонимтæ.

Ирон æвзаджы лексикæ йæ равзæрдмæ гæсгæ. Æппæтадæмон дзырдтæ. Бындурон ирон дзырдтæ. Æндæр æвзæгтæй æрбайсгæ дзырдтæ. Ирон æвзаджы историон-этимологион дзырдуат.

Ирон æвзаджы лексикæ йæ пайдакæнынадмæ гæсгæ. Активон æмæ пассивон лексикæ. Диалектизмтæ. Профессионализмтæ. Архаизмтæ. Историзмтæ. Неологизмтæ.

Дзырды лексикон æвзæрст.

Фразеологи куыд æвзагзонынады хай. Фразеологион дзырдбæстытæ. Уæгъдибар æмæ æнæуæгъдибар (æнгом æмæ æнæдихгæнгæ) дзырдбæстытæ. Фразеологион синонимтæ, антонимтæ æмæ омонимтæ.

Фразеологион дзырдуат.

***9. Мофрологи***

Морфологи куыд грамматикæйы хай. Ныхасы хæйттæ куыд дзырдты лексикон-грамматикон хуызтæ. Ныхасы хæйтты системæ ирон æвзаджы. Сæрмагонд ныхасы хæйттæ. Номдары, миногоны, нымæцоны, номивæджы, мивдисæджы, фæрсдзырды иумæйаг грамматикон нысаниуæг, морфологион æмæ синтаксисон миниуджытæ. Миногми æмæ фæрссагми куыд мивдисæджы номон формæтæ. Ныхасы хæйтты хицæндзинæдтæ дыгурон литературон æвзаджы.

Æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ, сæ хуызтæ нысаниуæгмæ гæсгæ, арæзтмæ гæсгæ, синтаксисон функцитæм гæсгæ.

Æвастхъæртæ æмæ мырфæзмæн дзырдтæ.

Алыхуызон ныхасы хæйтты омоними. Ныхасы хæйтты субстантиваци.

***11. Синтаксис***

Синтаксис куыд грамматикæйы хай. Дзырдбаст æмæ хъуыдыйад куыд синтаксисы иуæгтæ.

Дзырдбаст. Дзырдбæстыты хуызтæ. Сæйраг æмæ дæлбар дзырдтæ дзырдбасты мидæг. Синтаксисон бастдзинады хуызтæ дзырдбасты мидæг. Дзырдбасты хæйтты æхсæн ахастытæ.

Хъуыдыйæдты хуызтæ загъды нысанмæ æмæ эмоционалон ахуырстмæ гæсгæ. Хъуыдыйады грамматикон бындур. Хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ, сæ зæгъыны хуызтæ. Зæгъинаджы хуызтæ.

Хуымæтæг хъуыдыйæдты структурон хуызтæ: дывæрсыг æмæ иувæрсыг, цыбыр æмæ даргъ, вазыгджынгонд æмæ æнæвазыгджынгонд, æххæст æмæ æнæххæст.

Иувæрсыг хъуыдыйæдты хуызтæ. Мивдисæгон æмæ номон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ.

Вазыгджынгонд хъуыдыйæдтæ. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ, иртæстгонд уæнгтæ, сидæн, бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæ.

Вазыгджын хъуыдыйæдты классификаци. Вазыгджын хъуыдыйады хæйтты æхсæн синтаксисон ахастытæ æвдисыны мадзæлттæ. Бæттæгджын вазыгджын хъуыдыйæдтæ: бабæтгæвазыгджын, домгæвазыгджын. Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæ. Бирæхайон вазыгджын хъуыдыйæдтæ.

Искæй ныхас зæгъыны мадзæлттæ. Комкоммæ æмæ фæрссаг ныхас.

***11. Растфыссынад æмæ пунктуаци***

Орфографи куыд раст фыссыны æгъдæутты системæ. Орфограммæйы æмбарынад.

Хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты растфыссынад морфемæты мидæг. Хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты растфыссынад морфемæты æхсæн.

Дзырдтæ иумæ, дефисимæ æмæ хицæнтæй фыссыны æгъдæуттæ. Цыбыргонд дзыр- ты растфыссынад. Стыр æмæ чысыл дамгъæйæ фыссыны æгъдæуттæ. Дзырдтæ иурæнхъæй иннæмæ хæссын. Орфографион дзырдуат.

Орфографион æвзæрст.

Пунктуацийы æмбарынад. Æрхæцæн нысæнттæ æмæ сæ функцитæ. Иугай æмæ къайджын æрхæцæн нысæнттæ.

Æрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйады кæрон.

Æрхæцæн нысæнттæ хуымæтæг æнæвазыгджынгонд хъуыдыйады. Æрхæцæн нысæнттæ хуымæтæг вазыгджынгонд хъуыдыйады.

Æрхæцæн нысæнттæ вазыгджын хъуыдыйады: бабæтгæ вазыгджын, домгæ вазыгджын, æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады.

Æрхæцæн нысæнттæ вазыгджын хъуыдыйады бастдзинады цалдæр хуызимæ. Æрхæцæн нысæнттæ комкоммæ ныхасы, цитатæимæ ныхасы, диалоджы.

Æрхæцæн нысæнтты фембæлд.

**Социокультурон компетенци æвзæрынгæнæг мидис**

***Æхсæнад æмæ цардыуаг.*** Бинонты цардыуаг. Ирон æгъдæуттæ. Хистæр æмæ кæстæры, уазæг æмæ фысымы ’хсæн ахастытæ, хи дарыны уаг. Улæфты рæстæг. Ды æмæ де ’мбæлттæ. Ирон бæрæгбонтæ. Удварны хæзнатæ. Райгуырæн бæстæ. Адæймаг æмæ æхсæнадон цард. Разамынд дæттыны сусæгдзинæдтæ. Æфсæддон намыс. Æндæр бæстæты цард. Ирыстоны рагон историйы цаутæ. Ирыстоны баиу Уæрæсеимæ. Ирыс- тоны паддзахадон арæзт æмæ нысæнттæ. Республикæйы социалон-экономикон уавæр. Фæсивæды проблемæтæ нæ рæстæджы.

***Æрдз.*** Нæ алыварс дуне. Адæймаг æмæ æрдз. Афæдзы афонтæ. Космосон тыгъ- дад. Æрдзы фæзындтæ. Æрдз æмæ адæймаг. Зайæгойты дуне. Ирыстоны хæхтæ æмæ цæугæдæттæ. Уæрæсе, Кавказ æмæ æндæр бæстæты æрдзы хъæздыгдзинæдтæ. Мæргътæ æмæ цæрæгойты цард. Ирыстоны кæмттæ. Ирыстоны æрдзы хъæздыгдзинæдтæ. Зæххы къори. Адæймаг æмæ космос. Галактикæйы арæзт.

***Ахуырад æмæ фæллой.*** Ахуыры фыццаг бон. Каникултæ алы рæтты æмæ бæстæты. Ахуыргæнæн чиныг. Боны фæтк. Скъолайы чиныгдон. Скъолайы бæрæгбонтæ. Ахуыр- гæнæг æмæ скъоладзаутæ. Зындгонд ахуыргæндтæ. Наукæ æмæ ахуырад. Фæллойы ахадындзинад адæймаджы царды. Алыхуызон дæсныйæдтæ. Скъоладзауты æхсæнадон куыст. Ирон литературон æвзаджы равзæрд. Хосгæнæн кæрдæджытæ. Иуæй-иу куыстуæттæ. Ахуырад Уæрæсейы æмæ æндæр бæстæты. Антикон æмæ астæуккаг æнусты ахуыргæндтæ Зæххы тыххæй. Антикон ахуыргæндтæ космосы тыххæй. Цы- быр зонинæгтæ зындгонд ахуыргæндты тыххæй. Дунейы адæмты æвзæгтæ. Ирон æвзагзонынады историйæ.

***Культурæ.*** Æвзаг æмæ культурæ. Мадæлон æвзаг. Уырыссаг æвзаг. Ирон æмæ ду- нейы адæмты культурæ. Ныхасы этикет. Ирон адæмы дзургæ сфæлдыстады уацмыстæ. Ирыстоны цытджын лæгтæ. Уæрæсейы хъæбатыртæ. Адæймаджы удварны миниуджы-тæ. Къостайы цард æмæ сфæлдыстад. Царциаты диссæгтæ. Ирыстоны рагон цардæй. Адæмон-поэтикон сфæлдыстад. Нарты кадджытæ – ирон адæймаджы удварны кодекс. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты æфсæддон разамонджытæ æмæ хуымæтæг салдæттæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цыртдзæвæнтæ Ирыстоны. Ирон адæмы æгъдæуттæ. Кур- диат æмæ аивады тых. Ирыстоны историон цыртдзæвæнтæ. Мадæлон æвзаг. Спорт æмæ Олимпаг хъæзтытæ. Зындгонд ирыстойнаг спортсментæ. Спорт æмæ физкультурæйы ахадындзинад царды.

Ныхасы культурæ. Ирон национ культурæ: нывкæнынад, музыкалон аивад, кино- аивад. Ирыстоны намысы лæгтæ. Дунейы адæмты музыкалон культурæ. Нырыккон музыкæйы стильтæ. Зындгонд музыканттæ æмæ музыкалон къордтæ.

**Тематикон пълан 8 къл. (къуыри 1,5 сах., ӕдӕппӕтӕй 51 сах., уыдонӕй 4 сах. – контролон куыстытӕ)**

| Урочы номыр | Темӕ | Урочы мидис | Скъоладзауты архайды хуызтӕ |
|---|---|---|---|
| **5-6 кълӕсты рацыд ӕрмӕг фӕлхат кӕнын** (5 сах.) | | | |
| 1. | Фонетикӕ.<br>Орфографи.<br>Лексикӕ.<br>Дзырдарӕзт.<br>Морфологи.<br>Синтаксис. | Хъӕлӕсонтӕ ӕмӕ сӕ равзӕрд.<br>Ӕмхъӕлӕсонтӕ ӕмӕ сӕ дих.<br>Ӕмкъай ӕмхъӕлӕсонтӕ. *О* ӕмӕ *Е*-йы растфыссынад дзырдты райдайӕны.<br>Дзырдтӕ уӕнгтыл дих кӕнын.<br>Цавды ӕгъдӕуттӕ ирон ӕвзаджы.<br>Дзырдты конд. Лексикӕ.<br>Синонимтӕ. Антонимтӕ. Ныхасы хӕйттӕ. | Мырты равзӕрд ӕмӕ сӕ классификаци зонын.<br>Дзырдтӕ уӕнгтыл дих кӕнын.<br>Дзырдтыл цавд раст ӕвӕрын.<br>Фонетикон ӕвзӕрст кӕнын.<br>Дзырдты сконд бӕрӕг кӕнын.<br>Дзырдарӕзтон ӕвзӕрст кӕнын.<br>Дзырдты растфыссынад амонын.<br>Дзырдбӕстытӕ синонимтӕй ивын. |
| | | *Ныхасы рӕзт*<br>**Ӕрдз нӕ алфамбылай.**<br>Хӕблиаты Оледжы фыст цыбыр текст. | Текст аив кӕсын.<br>Тексты стиль бӕрӕг кӕнын.<br>Фӕрстытӕн дзуапп дӕттын.<br>Дзырдты нысаниуӕг ӕмбарын.<br>Фразеологизмтӕ синонимтӕй ивынмӕ арӕхсын. |
| 2. | Фонетикӕ.<br>Орфографи.<br>Лексикӕ.<br>Дзырдарӕзт.<br>Морфологи.<br>Синтаксис. | Хъуыдыйады уӕнгтӕ. Ӕмхуызон уӕнгтӕ ӕмӕ ӕрхӕцӕн нысӕнттӕ семӕ. Дзырдты конд. Лексикӕ. Антонимтӕ. Фразеологизмтӕ. | Текстӕй сӕрмагонд ныхасы хӕйттӕ фыссын хуызӕгмӕ гӕсгӕ.<br>Морфологион ӕвзӕрст сын кӕнын.<br>Хъуыдыйӕдтӕ синтаксисон хуызы ӕвзарын. Сӕрмагонд ныхасы хӕйтты синтаксисон роль хъуыдыйады амонын.<br>Вазыгджын дзырдты растфыссынад амонын.<br>Дзырдтӕ сӕ кондмӕ гӕсгӕ ӕвзарын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Удварны миниуджытæ.**<br>Скъуыддаг Масыраты М. чиныг «Æцæгæлон бæстæ»-йæ. | Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуæппытæ дæттын.<br>Тексты сæйраг хъуыды иртасын. |
| **Синтаксис. Пунктуаци** (49 сах.) | | | |
| **Дзырдбаст** (2 сах.) | | | |
| 3. | Дзырдбасты тыххæй рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.<br>Дзырдбасты хуызтæ сæйраг морфологион арæзтмæ гæсгæ. | Дзырдбаст æмæ йæ хæйттæ (сæрмагонд æмæ дæлбар дзырдтæ).<br>Дзырдбасты дзырдты бастдзинады хуыз (домгæ бастдзинад).<br>Дзырдбæстыты дих сæйраг дзырды арæзтмæ гæсгæ: номон, мивдисæгон æмæ фæрсдзырдон. | Дзырдбасты сконд æвзарын.<br>Номон, мивдисæгон æмæ фæрсдзырдон дзырдбæстытæ кæрæдзийæ иртасын.<br>Текстæй алыхуызон дзырдбæстытæ рафыссын.<br>Дзырдбæстытæ æвзарын схемæмæ гæсгæ. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Хуымæтæг хъуыдыйады хуызтæ.<br>Хуымæтæг хъуыдыйады синтаксисон равзæрст.<br>Æмхъæлæсонты растфыссынад.<br>Бирæнысанон дзырдтæ. | Хъуыдыйæдтæ загъды нысанмæ æмæ интонацимæ гæсгæ æмбарын.<br>Хуымæтæг æмæ цыбыр хъуыдыйæдтæ амонын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын.<br>Цухгонд дамгъæтимæ дзырдты растфыссынад бæрæг кæнын.<br>Бирæнысанон дзырдты мидис æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Афæдзы афонтæ.**<br>Скъуыддзаг Дзасохты М. уацмыстæй. | Текст аив кæсын.<br>Сæргонд ын хъуыды кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Текстмæ гæсгæ раиртæст аразын.<br>Текстæй хъæугæ хъуыдыйæдтæ æвзарын. |
| 4. | Домгæ бастдзина-ды хуызтæ дзырдбасты.<br>Æмарæзт.<br>Æфтыдад. | Дзырдбасты хæйтты ’хсæн домгæ бастдзинады хуызтæ: æмарæзт, æфтыдад.<br>Синонимон дзырдбæстыты æмбарынад. | Æмарæзт æмæ æфтыдад кæрæдзийæ хицæн кæнын.<br>Синонимон дзырдбæстытæ æмбарын.<br>Дзырдбастæн синтаксисон æвзæрст кæнынмæ æрæхсын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Хъуыдыйады грамматикон бындур. Хуымæтæг даргъ æмæ цыбыр хъуыдыйæдтæ. Дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ хæссыны æгъдæуттæ. | Хъуыдыйæдты грамматикон бындур агурын.<br>Хуымæтæг даргъ æмæ хуымæтæг цыбыр хъуыдыйæдтæ кæрæдзийæ иртасын.<br>Лæвæрд дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ хæссыны тыххæй дих кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Фæззæг.**<br>Скъуыддзаг Бады Хъ. уацмыстæй. | Сæргонд ын кæнын.<br>Фæрстытæн дзуапп дæттын. |
| **Хуымæтæг хъуыдыйад** (2 сах.) | | | |
| 5. | Хуымæтæг хъуыдыйад. Хуымæтæг хъуыдыйады интонаци. Логикон цавд | Хуымæтæг хъуыдыйады æмбарынад. Интонаци æмæ йæ хуызтæ. Хъуыдыйады хуызтæ интонацимæ гæсгæ: таурæгъон, фарстон, разæнгардгæнæн.<br>Хъæрон хъуыдыйады æмбарынад. Логикон цавд. | Хъуыдыйады хуызтæ загъды нысанмæ гæсгæ иртасын.<br>Логикон цавдæй раст пайда кæнын.<br>Хъæрон хъуыдыйæдты æнкъарæнтæ хъæлæсы уагæй æвдисынмæ арæхсын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хуымæтæг хъуыдыйад. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Ныхасы хæйттæ. Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст. | Хъуыдыйæдты сæйраг уæнгтæ бæрæг кæнын.<br>Хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Райгуырæн бæстæ.**<br>Чеджемты Геоты текст. | Текст аив кæсын.<br>Йæ хъуыды йын æмбарын.<br>Текстæн сæргонд кæнын. |
| 6. | Хуымæтæг хъуыдыйад. Дзырдты рæнхъæвæрд хуымæтæг хъуыдыйады | Дзырдты рæнхъæвæрд хъуыдыйады – ныхасы сæйраг хъуыды равдисыны фæрæз. | Хъуыдыйæдты дзырдты рæнхъæвæрды æгъдæуттæ амонын.<br>Дзырдты рæнхъæвæрды домæнтæ зæрдыл даргæйæ хуымæтæг хъуыдыйæдтæ аразын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Ныхасы хæйттæ: фæсæвæрд, хайыгтæ, номивæг.<br>Бæрæггæнæн бæрæггæнинаг дзырдимæ. | Хъуыдыйæдты фæсæвæрдтæ æмæ хайыгтæ агурын, сæ нысаниуæг æмæ сын сæ растфыссынад амонын.<br>Тексты бæрæггонд хъуыдыйæдты номивджыты цыбыр формæтæ агурын æмæ цæмæй загъд сты, уый иртасын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Æрдз – нæ дарæг.**<br>Цгъойты Хазбийы текст. | Сæргонд ын кæнын.<br>Тексты хъуыдымæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын. |
| **Хуымæтæг дывæрсыг хъуыдыйæдтæ.<br>Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ** (6 сах.) | | | |
| 7. | Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ.<br>Сæйрат æмæ зæгъинаг.<br>Хъуыдыйады грамматикон бындур | Хъуыдыйады уæнгты тыххæй æмбарынад.<br>Сæйраг уæнгтæ: сæйрат æмæ зæгъинаг.<br>Хъуыдыйады грамматикон бындур. | Агурын хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ.<br>Сæйраг уæнгтæ хъуыдыйады иннæ уæнгтæй хицæн кæнын.<br>Лæвæрд дзырдтæ сæйраг уæнгтæ куыд уой, ахæм хъуыдыйæдтæ аразын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Логикон цавд.<br>Ныхасы хæйттæ. Дзырдарæзт.<br>Дзырдты рæнхъæвæрд хуымæтæг хъуыдыйады. Æмхъæлæсонты растфыссынад. | Текст кæсгæйæ хъуыдыйæдты логикон цавд раст æвæрын.<br>Хъуыдыйады уæнгтæ цы ныхасы хæйттæй загъд сты, уый бæрæг кæнын.<br>Лæвæрд дзырдтæ сæ кондмæ гæсгæ æвзарын.<br>Разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты руаджы дзырдтæ аразын.<br>Лæвæрд дзырдты къордтæй хъуыдыйæдтæ аразын æмæ дзы дзырдты рæнхъæвæрд амонын.<br>Цухгонд дамгъæты бынаты æмхъæлæсонты растфыссынад бацамонын. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Адæм æмæ æрдз.**<br>Скъуыддзаг Бады Хъ. уацмысæй. | Аивадон текст кæсын.<br>Логикон цавд дзы раст æвæрын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуаппп дæттын.<br>Æмбисæндтимæ кусын æмæ сæ зæрдыл бадарын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 8. | Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Сæйраты арæзт | Сæйраты конд хицæн дзырдтæй æмæ дзырдбæстыты руаджы. | Сæйраты морфологион арæзт æмбарын.<br>Хъуыдыйæдты сæйрæттæ агурын, цавæр ныхасы хæйттæй арæзт сты, уый амонын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Растфыссынадыл кусын.<br>Дзырдбаст æвзарын. | Дзырдты стъæлфыты бæсты хъæугæ орфограммæтæ фыссын.<br>Тексты хъуыдыйады уæнгтæ чи нæ у, ахæм дзырдтæ агурын, цавæр ныхасы хæйттæм сæ ахæссын хъæуы, уый зонын.<br>Дзырдбæстытæн хуызæгмæ гæсгæ синтаксисон æвзæрст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Нæ ирон æгъдæуттæ.**<br>Скъуыддзаг Бесаты Тазейы уацмысæй. | Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>Темæмæ гæсгæ урочы хатдзæгтæ кæнынмæ арæхсын.<br>Æмбисæндты мидис амонын.<br>Лæвæрд дзырдбæстытимæ хъуыдыйæдтæ аразын. |
| 9. | Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Сæйраты арæзт | Сæйраты морфологион арæзт. | Сæйрат цавæр ныхасы хайæ конд вæййы, уый иртасын.<br>Тексты сæйрæттæ агурын, сæ морфологион арæзт сын амонын. Текстæй антонимтæ фыссын.<br>Амынд сæйрæттæ сæ кондмæ гæсгæ æвзарын.<br>Хуызæгмæ гæсгæ хатдзæгтæ кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Антонимтæ. Дзырдарæзт.<br>Æмхъæлæсонты растфыссынад.<br>Дзырдтæ ахæсгæ нысаниуæгимæ.<br>Вазыгджын дзырдты растфыссынад. | Фæлтæрæны тексты антонимтæ агурын.<br>Лæвæрд дзырдтæ сæ арзæтмæ гæсгæ æвзарын.<br>Тексты ахæсгæ нысаниуджытимæ дзырдтæ агурын æмæ сын сæ мидис амонын.<br>Лæвæрд орфограммæмæ гæсгæ дæнцæгтæ хъуыды кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Удварны миниуджытæ.**<br>Аивадон текстæй скъуыддзаг. | Аивадон тексты сæйраг хъуыды æмбарын.<br>Тексты мидисмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Хатдзæгтæ кæнынмæ арæхсын.<br>Тексты мидисмæ гæсгæ хи хъуыдытæ зæгъынмæ арæхсын. |
| 10. | Зæгъинаг. Зæгъинаджы хуызтæ. Хуымæтæг | Зæгъинаджы тыххæй æмбарынад.<br>Зæгъинаджы хуызтæ сæ арæзтмæ гæсгæ: хуымæтæг мивдисæгон, амад | Хуымæтæг мивдисæгон зæгъинаг амад мивдисæгон зæгъинагæй иртасын.<br>Арæхсын сын сæ конд амонынмæ. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | мивдисæгон зæгъинаг. Амад мивдисæгон зæгъинаг. | мивдисæгон æмæ амад номон.<br>Хуымæтæг мивдисæгон зæгъинаджы арæзт.<br>Амад мивдисæгон зæгъинаджы арæзт. | Амынд зæгъинæгтæ синонимтæй ивын.<br>Хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнттæ æвæрын.<br>Тексты амад мивдисæгон зæгъинæгтæ агурын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Синонимтæ. Æрхæцæн нысæнттæ фæрссагмион здæхтимæ.<br>Хъуыдыйæдтæ синтаксисон æгъдауæй æвзарын. | Хъуыдыйæдты сæйраг уæнгтæ агурын, цæмæй загъд сты, уый иртасын.<br>Зæгъинæгтæн синонимтæ ссарынмæ арæхсын.<br>Амынд хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнтты æвæрд амонын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Зæххыл кад дæр ис æмæ цард дæр.** Скъуыддзаг Мамсыраты Дæбейы уацмысæй. | Раст интонацийæ кæсын текст.<br>Йæ сæргонд ын бамбарын кæнын.<br>Текстмæ фыст фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Тексты бæрæггонд хъуыдыйæдты мидис æмбарын кæнын.<br>Лæвæрд схемæмæ гæсгæ хатдзæгтæ кæнынмæ арæхсын. |
| 11. | Зæгъинаджы хуызтæ.<br>Амад номон зæгъинæгтæ. | Амад номон зæгъинаджы арæзт.<br>Номон хайы æмбарынад.<br>Æххуысгæнæг хайы æмбарынад.<br>Амад номон зæгъинаджы номон хайы арæзт. | Амад номон зæгъинаджы иннæ хуызтæй иртасын.<br>Зонын ын йæ арæзт.<br>Йæ номон хай, цавæр ныхасы хай вæййы, уый æмбарын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Æмбисæндтæ синонимон хъуыдыйæдтæй ивын. Бæрæггонд дзырдты хауæнтæ базонын.<br>Амынд дзырдæн фонетикон равзæрст кæнын. | Дзырдты хауæнтæ бæрæг кæнын.<br>Фонетикон æвзæрст кæнын.<br>Тексты амад номон зæгъинæгтæ агурын.<br>Сæ арæзт сын амонын. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Уæздан æгъдауджын лæджы хонынц.** Скъуыддзаг Бесаты Тазейы уацмысæй. | Текст аив кæсын. Сæргонд ын скæнын.<br>Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Æмбисæндты хъуыды амонын.<br>Зæрдыл сæ бадарын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 12. | Тире сæйрат æмæ зæгъинаджы æхсæн. | Æххуысгæнæг мивдисæг уæвын-ы формæтæ. Тире æвæрыны æгъдæуттæ сæйрат æмæ зæгъинаджы æхсæн. | Сæйрат æмæ зæгъинаджы ’хсæн тире æвæрын.<br>Лæвæрд хъуыдыйæдты тире хъæугæ бæттæгтæй ивын.<br>Бæттæгты бæсты хъуыдыйæдты тире æвæрын.<br>Хъуыдыйæдты æмбæлгæ ран тире æвæрын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Растфыссынад. Сæйраты конд.<br>Хуымæтæг хъуыдыйæдты грамматикон бындур. | Офограммæты хуызтæ амонын.<br>Хъуыдыйæдтæй дзырдбæстытæ фыссын æмæ сæ синтаксисон хуызы æвзарын.<br>Тексты хъуыдыйæдты грамматикон бындуртæ агурын.<br>Тексты агурын, сæйрæттæ миногмийæ загъд кæм æрцыдысты, уыцы хъуыдыйæдтæ. |
| | | Ныхасы рæзт.<br>Ирон культурæ.<br>Скъуыддзаг Бады Хъ. уацмысæй. | Тексты стиль бæрæг кæнын.<br>Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын.<br>Æмбисæндты хъуыды æмбарын кæнын.<br>Лæвæрд æмбисонды мидисмæ гæсгæ цыбыр уац фыссын. |
| **Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ** (7 сах.) | | | |
| 13. | Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ. Æххæстгæнæн. | Æххæстгæнæны нысаниуæг.<br>Æххæстгæнæны фарстатæ.<br>Цавæр хъуыдыйады уæнгимæ баст вæййы арæхдæр?<br>Цавæр ныхасы хæйттæ вæййынц æххæстгæнæнтæ? | Æххæстгæнæн хъуыдыйады иннæ уæнгтæй иртасын.<br>Таблицæйы фæрцы æххæстгæнæнтыл кусын.<br>Лæвæрд дзырдтæ хъуыдыйæдты цавæр уæнгтæ сты æмæ цæмæй загъд сты, уый иртасын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Æххæстгæнæн. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ. Дзырдты растфыссынад.<br>Зæгъинаджы хуызтæ. | Тексты æххæстгæнæнтæ агурын.<br>Тексты агурын хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ.<br>Дзырдты растфыссынад амонын.<br>Текстæй зæгъинæгтæ фыссын æмæ сын сæ хуыз бæрæг кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Æвзæгтæ. Культурæ.**<br>Мамсыраты М. фыст уацмыс. | Фæлтæрæны фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Дзуæппытæй хатдзæгтæ кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 14. | Комкоммæ æмæ фæрссаг æххæстгæнæнтæ. Æххæстгæнæнты бастдзинад, цы дзырдтæ фæбæрæг кæны, уыдонимæ. | Æххæстгæнæнты хуызтæ: комкоммæ æмæ фæрссаг. Сæ нысаниуджытæ. Æххæстгæнæны бастдзинад зæгъинагимæ. | Комкоммæ æмæ фæрссаг æххæстгæнæнтæ кæрæдзийæ хицæн кæнын. Хъуыдыйæдтæй дзырдбæстытæ фыссын (æххæстгæнæн зæгъинагимæ). Сæ бастдзинады хуыз сын амонын. |
| | | *Фæлхат кæнын* Дзырдты растфыссынад. Хъуыдыйæдты синтаксисон æвзæрст. Дзырдты фонетикон æвзæрст. Дзырдбаст. | Лæвæрд дзырдты растфыссынад амонын. Хъуыдыйæдтæ синтаксисон хуызы æвзарын. Дзырдтæ фонетикон хуызы æвзарын. Дзырдбæстыты хæйтты ’хсæн бастдзинады хуызтæ бæрæг кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт* **Удварны æууæлтæ.** Малиты Васойы фыст уацмыс. | Аивадон уацмысы стиль бæрæг кæнын. Текстæн ном-сæргонд хъуыды кæнын. Æмдзæвгæйы сæйраг хъуыды æмбарын кæнын. |
| 15. | Бæрæггæнæн. Цавæр ныхасы хæйттæ вæййынц бæрæггæнæнтæ. Бæрæггæнæнты бастдзинад, цы дзырдтæ фæбæрæг кæнынц, уыдонимæ. | Бæрæггæнæны нысаниуæг. Цавæр фæрстытæн дæтты дзуапп бæрæггæнæн. Бæрæггæнæнты роль хъуыдыйады. | Бæрæггæнæнтæ хъуыдыйады иннæ уæнгтæй хицæн кæнын. Тексты бæрæггæнæнтæ агурын. Æмбарын, бæрæггæнæнтæ тексты цы хæстæ æххæст кæнынц, уый. |
| | | *Фæлхат кæнын* Антонимтæ. Синонимтæ. Фразеологон дзырдбæстытæ. Æрхæцæн нысæнттæ комкоммæ ныхасы. | Тексты антонимтæ æмæ синонимтæ агурын. Фразеологон дзырдбæстытæ синонимтæй ивын. Хъуыдыйæдты комкоммæ ныхасимæ æрхæцæн нысæнттæ æвæрын. |
| | | *Ныхасы рæзт* **Удварны æууæлтæ.** Чеджемты Æхсары фыст уацмыс. | Аивадон текст раст интонацийæ кæсын. Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын. Хатдзæгтæ кæнын урочы темæйæ. Нывмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ аразын бæрæггæнæнтимæ. |
| 16. | Контролон куыст | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 17. | Æмхасæн | Æмхасæны æмбарынад, йæ конд. Цавæр уæвæрты æрцæуы иртæстгонд æмхасæн. Кæд нæ вæййы иртæстгонд æмхасæн. | Æмхасæн хъуыдыйады иннæ уæнгтæй хицæн кæнын.<br>Æрхæцæн нысæнттæй æмхасæнтимæ раст пайда кæнын.<br>Хъуыдыйæдты æмхасæнтæ агурын, зонын ын йæ бынат хъуыдыйады.<br>Даргъгонд æмæ æнæдаргъгонд æмхасæнтимæ хъуыдыйæдтæ аразын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ æмæ æрхæцæн нысæнттæ семæ. Орфографи. Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст. | Хъуыдыйæдты æмхуызон уæнгтæ агурын, æрхæцæн нысæнтты æвæрд дзы бацамонын. Зонын, цавæр ныхасы хæйттæй загъд сты. Цухгонд дамгъæтимæ дзырдты растфыссынад бæрæг кæнын.<br>Хъуыдыйæдтæ хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Удварны æууæлтæ.**<br>Мæхæмæтты А. фыст уацмыс. | Текст аив кæсын.<br>Йæ сæйраг хъуыды йын иртасын.<br>Фæрстытæн дзуапп дæттын. |
| 18. | Фадатон дзырдтæ.<br>Афоны фадат.<br>Бынаты фадат | Фадатон дзырдты нысаниуæг. Фадатон дзырдты баст зæгъинагимæ. Фæрсдзырдтæй загъд фадатон дзырдты баст зæгъинагимæ. Æндæр ныхасы хæйттæй загъд фадатон дзырдты баст зæгъинагимæ. | Тексты фадатон дзырдтæ агурын.<br>Сæ нысаниуæг сын амонын.<br>Зæгъинаг æмæ фадатон дзырды бастдзинад бæрæг кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Тире сæйрат æмæ зæгъинаджы æхсæн. Æрхæцæн нысæнттæ æмхасæнтимæ. Æмхъæлæсонты растфыссынад. Тасындзæг. Дзырдты мырон æвзæрст. Хъуыдыйады морфологион равзæрст. Дзырдбаст. | Тексты тиреимæ хъуыдыйæдтæ ссарын æмæ дзы тирейы æвæрд бацамонын.<br>Тексты хъуыдыйæдтæ æмхасæнтимæ агурын.<br>Æрхæцæн нысæнтты æвæрд æмбарын кæнын.<br>Хъуыдыйæдтæ хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ æвзарын.<br>Нывмæ гæсгæ фадатон дзырдтимæ хъуыдыйæдтæ фыссын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Чиныг – зонындзинæдты къæбиц.**<br>Хуыгаты С. фыст уацмыс. | Аив тексты стиль бæрæг кæнын.<br>Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Тексты мидис дзурын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | **Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ** (7 сах.) | |
| 19. | Фадатон дзырдтæ.<br>Архайды хуызы фадат.<br>Æфсоны фадат.<br>Нысаны фадат | Архайды хуызы фадатон дзырдты нысаниуæг æмæ сæ фæрстытæ.<br>Цавæр ныхасы хæйттæй загъд вæййынц. Æфсоны фадатон дзырдты нысаниуæг, сæ фæрстытæ æмæ цы ныхасы хæйттæй загъд вæййынц, уыдон.<br>Нысаны фадатон дзырдты нысаниуæг, сæ фæрстытæ æмæ цы ныхасы хæйттæй загъд вæййынц, уыдон. | Фадатон дзырдты нысаниуæг зонын.<br>Ныхасы раст пайда кæнын фадатон дзырдтæй.<br>Фадатон дзырдтæ цæмæй загъд вæййынц, уый зонын.<br>Тексты фадатон дзырдтæ агурын.<br>Цавæр фадатон дзырдтæ сты, уый бæрæг кæнын.<br>Хатдзæгтæ кæнын хуызæгмæ гæсгæ. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырдты растфыссынад. Фонетикон равзæрст. Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст. Ныхасы хæйттæ. | Лæвæрд дзырдты растфыссынад амонын. Фæлтæрæны бæрæггонд дзырдтæн фонетикон æвзæрст кæнын.<br>Цухгонд дамгъæтимæ дзырдты растфыссынад бæрæг кæнын.<br>Хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Нæ истори, нæ рагфыдæлтæ.** Скъуыддзаг Фæрнион Къ. уацмысæй. | Аив текст кæсын.<br>Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын.<br>Тексты сæйраг хъуыды æмбарын кæнын.<br>Хатдзæгтæ кæнынмæ арæхсын урочы темæйæ. |
| 20. | Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ дыууæ къорды | Иувæрсыг хъуыдыйæдты æмбарынад. Сæ конд.<br>Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ зæгъинагимæ. Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ сæйратимæ. | Мивдисæгон æмæ номон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ иртасын кæрæдзийæ.<br>Тексты иувæрсыг хъуыдыйæдтæ агурын, сæйраг уæнгтæ дзы амонын.<br>Иувæрсыг хъуыдыйæдтæй пайда кæнгæйæ, цыбыр сочинени фыссын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъуыдыйад. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Хъуыдыйæдты синтаксисон æвзæрст. | Хуымæтæг хъуыдыйæдты сæйраг уæнгтæ ссарын.<br>Дывæрсыг хъуыдыйæдтæ хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Ныхасы рæзт.<br>Удварны æууæлтæ.<br>Цæгæраты М. фыст уацмысæй скъуыддзаг. | Дзырдты къордтæй хъуыдыйæдтæ аразын.<br>Схемæмæ гæсгæ иувæрсыг хъуыдыйæдты хуызтæй хатдзæгтæ кæнын.<br>Текст раст интонацийæ кæсын.<br>Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын.<br>Æмбисæндты хъуыды æмбарын кæнын, сæ иумæйаг темæ сын бæрæг кæнын.<br>Синонимон æмбисæндтæ сæм ссарын.<br>Уырыссаг æвзаджы сын эквиваленттæ ссарын. |
| 21. | Бæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ | Бæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдты æмбарынад. Сæ конд. Зæгъинаджы формæтæ бæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдты. | Дывæрсыг æмæ бæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдтæ кæрæдзийæ хицæн кæнын.<br>Бæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдтæ синонимон дывæрсыг хъуыдыйæдтæй ивын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырдты растфыссынад. Æрхæцæн нысæнттæ. Хъуыдыйады синтаксисон равзæрст. Интонаци. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ, æрхæцæн нысæнттæ семæ. | Стъæлфыты бæсты хъæугæ дамгъæтæ æвæрын.<br>Хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнтты æвæрд амонын.<br>Хъуыдыйæдтæ синтаксисон хуызы æвзарын.<br>Текстæй хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ фыссын, бæрæг кæнын, цавæр ныхасы хæйттæй загъд æрцыдысты, уый.<br>Æмхуызон уæнгтимæ æрхæцæн нысæнтты æвæрд амонын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Райгуырæн зæххы ад.**<br>Чеджемты Георы фыст уацмыс. | Аивадон текст раст хъæлæсы уагæй кæсын.<br>Сæргонд ын раттын.<br>Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын.<br>Лæвæрд темæмæ гæсгæ бæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдтæ фыссын.<br>Аргъауы мидис æмбарын кæнын.<br>Æндæр кæрон ын хъуыды кæнын. |
| 22. | Æбæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ | Æбæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдты æмбарынад. Сæ конд.<br>Зæгъинаджы конд æмæ мидис æбæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдты. | Тексты æбæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдтæ агурын.<br>Æбæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдтæй фысгæ ныхасы пайда кæнын.<br>Дывæрсыг хъуыдыйæдтæй æбæлвырд цæсгомон |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Æбæлвырдцæсгомон æмæ æнæххæст хъуыдыйæдты хицæндзинад. | хъуыдыйæдтæ аразын, сæ хицæндзинад сын амонын.<br>Æбæлвырдцæсгомон хъуыдыйады сæйраг уæнг – зæгъинаджы цæсгом, нымæц æмæ афон бæрæг кæнын.<br>Лæвæрд зæгъинæгтимæ æбæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдтæ аразын æмæ хатдзæгтæ кæнын зæгъинаджы формæты тыххæй. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Комкоммæ ныхас æмæ дзы æрхæцæн нысæнтты æвæрд. Хъуыдыйæдтæ бавæргæ дзырдтимæ. Фразеологон дзырдбæстытæ. Дзырдты растфыссынад. | Тексты комкоммæ ныхасимæ хъуыдыйæдтæ агурын, æрхæцæн нысæнтты æвæрд дзы амонын.<br>Текстæй бавæргæ дзырдтимæ хъуыдыйæдтæ фыссын, æрхæцæн нысæнтты æвæрд дзы амонын.<br>Фразеологон дзырдбæстытæ синонимтæй ивын.<br>Лæвæрд дзырдты растфыссынад æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Нæ фыдæлты хæзнатæ.**<br>Аргъау «Сæрджын саг». Чеджемты Георы уацмыс. | Аргъау бакæсын.<br>Бæрæг ын кæнын йæ стиль.<br>Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Хи ныхæстæй дзурын аргъауы мидис. |
| 23. | Иумæйагцæс-гомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ | Иумæйагцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдты æмбарынад.<br>Сæ конд. Зæгъинаджы арæзт.<br>Иумæйагцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдты хицæндзинад бæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæй.<br>Иумæйагцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдты хицæндзинад æбæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдтæй. | Æмбисæндты зæгъинæгтæ агурын.<br>Сæ формæтæ сын зонын.<br>Цавæр архайд æвдисынц æмæ кæмæ здæхт у уыцы архайд, уый æмбарын.<br>Текстæй иумæйагцæсгомон хъуыдыйæдтæ рафыссын æмæ сæ бамбарын кæнын.<br>Иумæйагцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ иртасын бæлвырдцæсгомон æмæ æбæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæй. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъуыдыйæдты синтаксисон æвзæрст. Сидæнтæ. Цæмæй загъд вæййынц хъуыдыйады. | Хъуыдыйад синтаксисон хуызы æвзарын.<br>Хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ æвзарын.<br>Сидæны раиртæст зæрдыл æрлæууын кæнын. Сидæнты хуызтæ æмæ цæмæй загъд вæййынц, уый зонын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Ӕрхæцæн нысæнттæ сидæнтимæ. | Ӕрхæцæн нысæнттæ сидæнтимæ амонын.<br>Хъуыдыйæдты бæрæггонд дзырдтæ цавæр хъуыдыйады уæнгтæ сты æмæ цæмæй загъд æрцыдысты, уый бæрæг кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ӕмбисондхæссæг – зондамонæг.**<br>Ирон адæмон сфæлдыстады жанр æмбисæндтыл кусын. | Ӕмбисæндтæ сæ нысаниуæгмæ гæсгæ хицæн къордтыл дих кæнын, сæргонд кæнын алы къордæн дæр.<br>Дыгурон æмбисæндты мидис иронау зæгъын. Уырыссаг æмбисæндтæм ирон æвзаджы эквиваленттæ агурын. |
| 24. | Контролон куыст | | |
| 25. | Ӕнæцæс-гомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ | Ӕнæцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйады æмбарынад.<br>Зæгъинаджы конд æнæцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдты. | Тексты æнæцæсгомон хъуыдыйæдтæ агурын. Зæгъинаг æнæцæсгомон хъуыдыйæдты цы архайд бæрæг кæны, уый æмбарын. Зæгъинаг æнæцæсгомон хъуыдыйæдты цæмæй загъд вæййы, уый зонын, анализ сын кæнын.<br>Фæлтæрæны агурын иувæрсыг хъуыдыйæдтæ, агурын се ’хсæн æнæцæсгомон хъуыдыйæдтæ. Ӕбæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдтæй æнæцæсгомон хъуыдыйæдтæ аразын. Сæ хицæндзинад сын æмбарын. Ӕнæцæсгомон хъуыдыйæдтæй æбæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдтæ аразын.<br>Ӕнæцæсгомон хъуыдыйæдты зæгъинæгты конд амонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Иумæйагцæсгомон æмæ æбæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдтæ.<br>Хъуыдыйæдты синтаксисон равзæрст. Вазыгджын дзырдты растфыссынад æмæ сæ конд. Фæсæвæрд.<br>Хуымæтæг цыбыр хъуыдыйæдтæ. | Хъуыдыйæдтæ синтаксисон хуызы æвзарын.<br>Тексты вазыгджын дзырдтæ агурын, сæ растфыссынад сын амонын.<br>Текстæй фæсæвæрдтæ фыссын æмæ сын анализ кæнын.<br>Тексты агурын хуымæтæг цыбыр хъуыдыйæдтæ æмæ сæ æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Нæ лымæн цæрæгойты дуне.**<br>Чеджемты Георы аргъау «Тæкку, Кокыс æмæ Уызынæг». | Аргъау аив кæсын.<br>Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 26. | Номхуын-<br>дон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ | Номхуындон хъуыдыйæдты æмбарынад, сæ нысаниуæг.<br>Цыбыр æмæ даргъ номхуындон хъуыдыйæдтæ. Номхуындон хъуыдыйæдты арæзт. | Номхуындон хъуыдыйæдты арæзт зонын.<br>Тексты номхуындон хъуыдыйæдтæ агурын. Номхуындон иувæрсыг хъудыйæдтæй фысгæ ныхасы пайда кæнын.<br>Цыбыр номхуындон иувæрсыг хъуыдыйæдтæй даргъ иувæрсыг хъуыдыйæдтæ аразын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хуымæтæг цыбыр æмæ хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæ. Хъуыдыйæдтæ уæнгтæм гæсгæ æвзарын. Тире сæйрат æмæ зæгъинаджы ’хсæн. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ æмæ æрхæцæн нысæнттæ семæ. Сæрмагонд номдарты растфыссы-<br>над. Хайыгты растфыссынад. | Хъуыдыйæдтæй сæйраг уæнгтæ фыссын.<br>Тексты сæрмагонд номдартæ агурын, сæ растфыссынад сын амонын.<br>Хъуыдыйæдтæ хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ æвзарын.<br>Тирейы æвæрд амонын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Нæ фыдæлты удварны æууæлтæ.**<br>Скъуыддзаг Цæгæраты М. уацмысæй. | Текст аив кæсын.<br>Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын.<br>Тексты сæйраг хъуыды дзурын.<br>Цыбыр сочинени фыссын. |
| **Æнæххæст хъуыдыйæдтæ** (2 сах.) | | | |
| 27. | Æххæст æмæ æнæххæст хъуыдыйæдтæ | Æнæххæст хъуыдыйады æмбарынад. Кæм æмбæлынц æвзаджы æнæххæст хъуыдыйæдтæ? | Тексты æнæххæст  хъуыдыйæдтæ агурын. Æнæххæст хъуыдыйæдтæ цухгонд уæнгтæй æххæст кæнын.<br>Æнæххæст хъуыдыйæдтæ иувæрсыг хъуыдыйæдтæй иртасын.<br>Цыбыр eксттæ фыссын æнæххæст хъуыдыйæдтимæ. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст. Вазыгджын дзырдтæ. Синонимтæ. | Дывæрсыг хъуыдыйадæн синтаксисон æвзæрст кæнын.<br>Вазыгджын дзырдты растфыссынад амонын. Текстæй равзæрст дзырдтæн хуызæгмæ гæсгæ синонимтæ фыссын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Æрдз нæ алфамбылай.**<br>Скъуыддзаг Гафезы уацмысæй. | Тексты фæрстытæн дзуæппытæ дæттын. Хъуыдыйæдты мидис æмбарын кæнын. Диалог фыссын æнæххæст хъуыдыйæдтимæ. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 28. | Æххæст æмæ æнæххæст хъуыдыйæдтæ | Æнæххæст хъуыдыйады арæзт.<br>Æнæххæст хъуыдыйæдтæ диалог æмæ вазыгджын хъуыдыйæдты.<br>Тире æнæххæст хъуыдыйады. | Æнæххæст хъуыдыйæдтæ дзы агурын.<br>Цухгонд уæнгтæ бæлвырд кæнын.<br>Æрхæцæн нысæнтты æвæрд амонын хъуыдыйæдты кæрон.<br>Æнæххæст хъуыдыйæдты цухгонд зæгъинæгты бæсты тире æвæрын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Интонаци. Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст. Фæрссагми.<br>Дзырдты конд. Дзырдты растфыссынад. | Хъуыдыйæдты сæйраг уæнгтæ агурын, цæмæй загъд сты, уый бæрæг кæнын.<br>Тексты фæрссагмитæ агурын.<br>Сæ арæзт сын бæрæг кæнын.<br>Дзырдтæ сæ кондмæ гæсгæ æвзарын.<br>Дзырдты растфыссынад амонын<br>Хъуыдыйæдтæ синтаксисон хуызы æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Удварны хæзнатæ.** Дзасохты М. фыст уацмыс «Сæхицæй сæхимæ». | Тексты сæргонд æмбарын кæнын, барын æй йæ мидисимæ<br>Лæвæрд темæйæ диалог фыссын æнæххæст хъуыдыйæдтимæ. |
| **Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ** (6 сах.) | | | |
| 29. | Хъуыдыйæдты æмхуызон уæнгты тыххæй æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын | Æмхуызон уæнгты æмбарынад.<br>Цыбыр æмæ даргъгонд æмхуызон уæнгтæ. Æмхуызон уæнгты конд.<br>Æмхуызон уæнгты цалдæр рæнхъы. | Тексты хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ агурын æмæ фыссын.<br>Æмхуызон уæнгты цалдæр рæнхъы кæм ис, ахæм хъуыдыйæдтæ фыссын текстæй.<br>Цыбыр æмæ даргъгонд æмхуызон уæнгтæ иртасын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырдты растфыссынад. Фадатон дзырдтæ. Иувæрсыг хъудыйæдтæ æмæ сæ хуызтæ. Лексикæ.<br>Дзырдарæзт. Хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ æвзæрст. | Цухгонд  дамгъæтимæ дзырдты растфыссынад бæрæг кæнын.<br>Текстæй фадатон дзырдтæ фыссын, сæ хуыз сын бæрæг кæнын.<br>Иувæрсыг хъуыдыйæдты хуыз бæрæг кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Мæ райгуырæн хъæу.** | Нывмæ гæсгæ æмхуызон уæнгтимæ хъуыдыйæдтæ аразын.<br>Текст аив кæсын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | «Фыццаг къахдзæфтæ»<br>(Хъайтыхъты А.). | Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Тексты стиль бæрæг кæнын.<br>Лæвæрд дзырдтæй пайдагæнгæйæ аразын хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ. |
| 30. | Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ | Хъуыдыйады æмхуызон уæнгты баст кæрæдзийыл. Æмхуызон уæнгты хуыз æмæ сæ конд. Æрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйады æмхуызон уæнгтимæ. | Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ раст хъæлæсы уагæй кæсын. Текстæй æмхуызон уæнгтимæ хъуыдыйæдтæ фыссын, бæрæг сын кæнын сæ конд, сæ хуыз. Æмхуызон уæнгтæ къæдзыгтæй хицæн кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Вазыгджын дзырдтæ. Лæвæрд дзырдты растфыссынад. Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст. Дзырдты арæзт. Номивæг. Антонимтæ. Синонимтæ. Тире сæйрат æмæ зæгъинаджы ’хсæн. | Хъуыдыйæдты тирейы æвæрд амонын. Вазыгджын дзырдтæ агурын тексты, сæ растфыссынад сын амонын.<br>Лæвæрд дзырдты æмхъæлæсонты растфыссынад амонын.<br>Хъуыдыйад синтаксисон хуызы æвзарын.<br>Дзырдтæ сæ кондмæ гæсгæ æвзарын.<br>Дзырдбасты арæзт амонын.<br>Номивджытæ сæ дихмæ гæсгæ бæрæг кæнын.<br>Тексты синонимтæ æмæ антонимтæ агурын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстоны историон цыртдзæвæнтæ.** Хуадонты Т. радиобакаст. | Текст аив кæсын.<br>Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын. |
| 31. | Бæттæгтæ хъуыдыйады æмхуызон уæнгтимæ | Æмхуызон уæнгты баст кæрæдзийыл. Бабæтгæ бæттæгтæ æмæ сæ дих. Бæттæгтæ æмæ, æви æмхуызон уæнгтимæ. | Зонын бабæтгæ бæттæгтæ æмæ сæ дих. Интонацийы руаджы æмæ бæттæгты руаджы баст æмхуызон уæнгтæ амонын. Иугæнæг, ныхмæвæрды æмæ дихы бæттæгтæ кæрæдзийæ хицæн кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Синтаксисон æвзæрст. Антонимтæ. Синонимтæ. Дзырдбаст. Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ. | Хъуыдыйад синтаксисон æгъдауæй æвзарын, дзырдты конд бæрæг кæнын.<br>Хъуыдыйæдты æмхуызон уæнгтимæ æрхæцæн нысæнтты æвæрд бацамонын.<br>Тексты синонимтæ æмæ антонимтæ агурын.<br>Иувæрсыг хъуыдыйæдты хуызтæ æвзарын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Удварны хæзнатæ.**<br>Агънаты Г. фыст уацмыс. | Текст аив кæсын. Сæргонд ын хъуыды кæнын, йæ стиль ын бæрæг кæнын.<br>Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын. |
| 32. | Æмхуызон æмæ алыхуызон бæрæггæнæнтæ | Бæрæггæнæнты дих. Æмхуызон бæрæггæнæнты æмбарынад. Сæ хицæндзинад. | Æмхуызон æмæ алыхуызон бæрæггæнæнтæ зонын.<br>Æмхуызон бæрæггæнæнтимæ æрхæцæн нысæнттæ æвæрын арæхсын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Бæрæггæнæны нысаниуæг.<br>Вазыгджын дзырдты растфыссынад.<br>Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст. | Бæрæггæнæнтæ агурын хъуыдыйады.<br>Фæлтæрæны вазыгджын дзырдтæ агурын æмæ сын сæ растфыссынад амонын.<br>Хъуыдыйад синтаксисон хуызы æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Удварны хæзнатæ.**<br>Скъуыддзаг Чеджемты Георы уацмысæй «Болайы цæссыгтæ». | Текст аив кæсын.<br>Тексты мидисмæ хи ахаст æвдисын. |
| 33. | Æмхуызон æмæ алыхуызон бæрæггæнæнтæ | Бæрæггæнæнты хуызтæ.<br>Æрхæцæн нысæнттæ æмхуызон æмæ алыхуызон бæрæггæнæнтимæ.<br>Бæрæггæнæнты конд. | Тексты æмхуызон æмæ алыхуызон бæрæггæнæнтæ агурын.<br>Лæвæрд хъуыдыйæдтæй равзарын æрмæст æмхуызон бæрæггæнæнтимæ.<br>Хъуыдыйæдтæ аразын алыхуызон бæрæггæнæнтимæ.<br>Æмхуызон æмæ алыхуызон бæрæггæнæнтæ цавæр ныхасы хайæ конд сты, уый бæрæг кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырдты ратсфыссынад.<br>Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Цавд.<br>Синонимтæ. Миногонты бæрцбарæнтæ. Хъуыдыйады синтаксисон равзæрст. Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ. | Бæрæггонд дзырдты растфыссынад амонын.<br>Хъуыдыйæдты сæйраг уæнгтæ агурын.<br>Дзырдтыл цавд æвæрын.<br>Дзырдты мидис иртасын.<br>Дзырдтæн синонимтæ фыссын, антонимтæ агурын.<br>Миногонты бæрцбарæнты таблицæ текстæй баххæст кæнын.<br>Хъуыдыйад синтаксисон хуызы æвзарын.<br>Фæлтæрæны иувæрсыг хъуыдыйæдтæ ссарын.<br>Сæ хуыз сын сбæрæг кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстоны историон цыртдзæвæнтæ.** Хуадонты Т. радиобакаст. | Тексты стиль бæрæг кæнын.<br>Хъуыдыйæдтæ бæрæггæнæнтæй æххæст кæнын. |
| 34. | Æмхуызон уæнгты иугæнæг дзырдтæ.<br>Æрхæцæн нысæнттæ иугæнæг дзырдтимæ | Иугæнæг дзырдты æмбарынад.<br>Иугæнæг дзырдты бынат хъуыдыйады æмхуызон уæнгтимæ.<br>Æрхæцæн нысæнттæ иугæнæг дзырдтимæ. | Лæвæрд æмхуызон уæнгтæ æмæ иугæнæг дзырдæй спайдагæнгæйæ хъуыдыйад саразын. Иугæнæг дзырдтæ цавæр хъуыдыйады уæнгтæ вæййынц, цавæр ныхасы хайæ конд вæййынц, уый иртасын.<br>Саразын, лæвæрд дзырдтæ, æмхуызон уæнгтимæ иугæнæг дзырдты ролы куыд уой, ахæм хъуыдыйæдтæ.<br>Фæрстытæн дзуапп дæттын, хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ æмæ иугæнæг дзырдтæй пайда кæнгæйæ. Нывмæ гæсгæ æмхуызон уæнгтæ æмæ иугæнæг дзырдтимæ хъуыдыйæдтæ фыссын. Æрхæцæн нысæнтты æвæрд æмбарын кæнын хъуыдыйæдты æмхуызон уæнгтæ æмæ иугæнæг дзырдтимæ. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Æнæххæст хъуыдыйад.<br>Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст. | Текстæй æнæххæст хъуыдыйæдтæ фыссын.<br>Синтаксисон хуызы сæ æвзарын.<br>Текстæй иувæрсыг хъуыдыйæдтæ фыссын, сæ хуыз сын бæрæг кæнын. Амонын дзырдты растфыссынад. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Мæргъты цардæй.**<br>Бады Хъазыбеджы фыст радзырд. | Бæрæг кæнын тексты сæйраг хъуыды. Сæргонд ын кæнын.<br>Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын.<br>Лæвæрд æмхуызон уæнгтæй иумæйаг дзырдтимæ хъуыдыйæдтæ аразын.<br>Нывмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ фыссын. |
| **Сидæнтæ, бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæ** (5 сах.) | | | |
| 35. | Хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ | Сидæнты тыххæй æмбарынад зæрдыл æрлæууын кæнын. Сидæнты хуызтæ сæ кондмæ гæсгæ.<br>Даргъгонд сидæнтæ æмæ сæ нысаниуæг. | Æмдзæвгæйы сидæнтæ агурын æмæ сын характеристикæ дæттын. Сидæнтæ раст интонацийы кæсын. Сæ конд сын амонын. Даргъгонд сидæнты арæзт амонын, æмбарынгæнæн дзырдтæ дзы хицæн кæнын. Цавæр æнкъарæнтæ равдисæн ис сидæнты руаджы, уый зонын. Сидæнтимæ хъуыдыйæдтæ аразын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъæлæсонты фембæлд кæрæдзийыл.<br>Синонимтæ.<br>Хайыгтæ.<br>Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ.<br>Номивæг. | Зонын хъæлæсонты фембæлд кæрæдзийыл æмæ сæ растфыссынад.<br>Тексты синонимтæ агурын.<br>Тексты хайыгтæ агурын, сæ растфыссынад сын амонын.<br>Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ агурын тексты, сæ хуыз сын амонын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Удварны æууæлтæ**<br>Бестауты Г. фыст æмдзæвгæ.<br>Кочысаты М. фыст æмдзæвгæ. | Æмдзæвгæ аив кæсын.<br>Йæ сæйраг хъуыды йын бæрæг кæнын, сæргонд ын хъуыды кæнын.<br>Цавæр æнкъарæнтæ ис равдисæн сидæнты руаджы, уый æмбарын. |
| 36. | Æрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйæдты сидæнтимæ | Сидæнты бынат хъуыдыйады.<br>Æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны æгъдæуттæ хъуыдыйæдты сидæнтимæ. | Раст интонацийæ кæсын хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ.<br>Сидæнты бынат хъуыдыйады бæрæг кæнын.<br>Сидæнтимæ хъуыдыйæдтæ аразын.<br>Æрхæцæн нысæнттæ æвæрын хъуыдыйæдты сидæнтимæ.<br>Тексты сидæнтæ агурын æмæ сын анализ кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст.<br>Æнæххæст хъуыдыйæдтæ. Лæвæрд дзырдты растфыссынад. | Хъуыдыйæдтæ синтаксисон хуызы æвзарын. Тексты æнæххæст хъуыдыйæдтæ агурын, æмбарын сæ кæнын.<br>Æмхуызон уæнгтимæ текстæй хъуыдыйæдтæ фыссын.<br>Дзырдты растфыссынад амонын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Æрдз – адæймагыл фæдзæхст.**<br>Хæблиаты С. Фыст уацмысæй скъуыддзаг. | Текст аив кæсын.<br>Сæргонд ын хъуыды кæнын.<br>Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын.<br>Сидæнтæй пайда кæнгæйæ, фыстæг ныффыссын.<br>Дзурын æрдзы хъæздыгдзинæдтæ хъахъхъæныны тыххæй. |
| 37. | Бавæргæ арæзтытæ.<br>Бахæсгæ арæзтытæ.<br>Æрхæцæн | Бавæргæ арæзтыты æмбарынад.<br>Бавæргæ арæзтыты структурæ.<br>Бавæргæ арæзтыты дих сæ нысаниуæгмæ гæсгæ. Æрхæцæн нысæнттæ бавæргæ арæзтытимæ. | Хъуыдыйæдтæ бæвæргæ арæзтытимæ раст хъæлæсы уагæй кæсын.<br>Хъуыдыйæдты бавæргæ арæзтытæ агурын.<br>Лæвæрд бавæргæ арæзтытимæ хъуыдыйæдтæ аразын.<br>Бавæргæ арæзтытæ æрхæцæн нысæнттæй хицæн кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | нысæнттæ бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытимæ | Бахæсгæ арæзтыты æмбарынад. Æрхæцæн нысæнттæ бахæсгæ арæзтытимæ. | Бахæсгæ арæзтытæ агурын хъуыдыйæдты. Сæ нысаниуæг сын æмбарын. Æрхæцæн нысæнттæй сæ хицæн кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын* Фразеологон дзырдбæстытæ. Растфыссынад. Синонимтæ. Синтаксисон равзæрст. Сидæн. Сæрмагонд номдартæ. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ. | Хъуыдыйæдты фразеологон дзырдбæстытæ агурын, сæ мидис сын амонын. Бæрæггонд орфограммæты растфыссынад æмбарын кæнын. Хъуыдыйæдтæн синтаксисон æвзæрст кæнын. Хъуыдыйæдты бæрæггонд дзырдты конд бæрæг кæнын. Тексты хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ агурын. Анализ сын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт.* **Ирыстоны историон цыртдзæвæнтæ.** Хуадонты Т. радиобакаст. | Тексты фæрстытæн дзуæппытæ дæттын. Тексты мидисыл æрныхас кæнын. |
| 38. | Бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæ | Бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтыты хуызтæ. Бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтыты нысаниуджытæ. Æрхæцæн нысæнттæ бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытимæ. | Бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæ агурын текст æмæ хицæн хъуыдыйæдты. Лæвæрд бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытимæ хъуыдыйæдтæ аразынмæ арæхсын. Бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытимæ хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнттæ æвæрын. |
| | | *Фæлхат кæнын* Дзырдбаст. Лексикæ. Нымæцонтæ. Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ. Дзырдарæзт. Фонетикон æвзæрст. | Хъуыдыйæдтæ синтаксисон хуызы æвзарын. Тексты сæрмагонд номдартæ агурын, сæ растфыссынад сын амонын. Тексты нымæцонты нысаниуæг бæрæг кæнын, сæ конд сын амонын, сæ растфыссынад сын зонын. Текстæй иувæрсыг хъуыдыйæдтæ хицæн кæнын, сæ хуыз сын бæрæг кæнын. Дзырдтæн фонетикон æвзæрст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт* **Ирыстоны историон цырдзæвæнтæ.** Хуадонты Т. радиобакаст. | Цыбыр диалогы æмдзурæгмæ æвдисын уæздандзинад, аргъ ын кæнын. Уæздан адæймаджы тыххæй радзурын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 39. | Ærхæцæн нысæнттæ сидæнтæ, бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытимæ Сидæн. Бавæргæ арæзтытæ. | Ærхæцæн нысæнттæ сидæнтимæ. Бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытимæ. | Сидæнты хуызтæ сæ арæзтмæ æмæ нысаниуæгмæ гæсгæ иртасын.<br>Ærхæцæн нысæнттæ раст æвæрын.<br>Бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтыты хуызтæ сæ арæзтмæ гæсгæ бæрæг кæнын.<br>Бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытимæ æрхæцæн нысæнттæй раст пайда кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Растфыссынад. Морфологион æвзæрст. Синтаксисон æвзæрст. Дзырдарæзт. Лексикæ. | Текстæй цухгонд дамгъæтимæ дзырдтæ фыссын.<br>Бæрæггонд хъуыдыйæдтæ синтаксисон хуызы æвзарын.<br>Иувæрсыг хъуыдыйæдтæм синонимон хъуыдыйæдтæ ныффыссын.<br>Текстæй бавæргæ арæзтытимæ хъуыдыйæдтæ фыссын.<br>Тексты æмхуызон уæнгтимæ хъуыдыйæдтæ агурын.<br>Дзырдтæн морфологион æвзæрст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстоны историон цыртдзæвæнтæ.** Хуадонты Т. радиобакаст. | Текст аив кæсын.<br>Йæ стиль ын бæрæг кæнын, фæрстытæн дзуæппытæ дæттын. |
| **Хъуыдыйады иртæстгонд уæнгтæ** (4 сах.) | | | |
| 40. | Хъуыдыйады иртæстгонд уæнгты тыххæй æмбарынад | Хъуыдыйады иртæстгонд уæнгты нысаниуæг. Ærхæцæн нысæнттæ иртæстгонд уæнгтимæ. | Тексты хъуыдыйæдтæ иртæстгонд уæнгтимæ агурын.<br>Цы дзырдты бæрæг кæнынц, уый иртасын.<br>Хъуыдыйæдты иртæстгонд уæнгтимæ æрхæцæн нысæнттæ раст æвæрын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырдты растфыссынад.<br>Хъуыдыйады синтаксисон равзæрст. | Тексты агурын хъуыдыйæдтæ бавæргæ арæзтытимæ.<br>Иртæстгонд уæнгтæй цæмæй хицæн кæнынц, уый амонын.<br>Дзырдты растфыссынад амонын. Хъуыдыйæдтæн синтаксисон æвзæрст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ærдз – адæймагыл фæдзæхст.** Хъайтыхъты Азæмæтмæ гæсгæ фыст уацмыс. | Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 41. | Иртæстгонд бæрæггæнæнтæ æмæ æмхасæнтæ | Иртæстгонд уæнгты тыххæй æмбарын. Цавæр уавæрты цæуы иртæстгонд бæрæггæнæн.<br>Цæмæй загъд вæййынц иртæстгонд бæрæггæнæнтæ.<br>Даргъгонд æмæ æнæдаргъгонд иртæстгонд æмхасæнтæ. | Фæлтæрæны агурын иртæстгонд уæнгтæ æмæ сын бæрæг кæнын сæ хуыз.<br>Иртасын, цавæр уæнгтæ цæуынц иртæстгонд, уый.<br>Иртæстгонд уæнгтæ æрхæцæн нысæнттæй хицæн кæнын зонын.<br>Тексты иртæстгонд уæнгтимæ æвæрын æрхæцæн нысæнттæ æмæ сæ æмбарын кæнын.<br>Зонын, кæд цæуынц иртæстгонд бæрæггæнæнтæ æмæ æмхасæнтæ. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Вазыгджын дзырдты конд.<br>Дзырдарæзт. Хъуыдыйады синтакси-сон æвзæрст. Фæрссагмион здæхт. | Вазыгджын дзырдты конд, сæ растфыссынад сын амонын.<br>Тексты агурын дзырдтæ разæфтуантæ æмæ фæсæфтуантимæ.<br>Хъуыдыйад синтаксисон хуызы æвзарын.<br>Дзырдтæ сæ кондмæ гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Удварны миниуджытæ.**<br>Агънаты Г. фыст уацмыс. | Текст бакæсын.<br>Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын. |
| 42. | Иртæстгонд фадатон дзырдтæ | Кæд фæцæуынц иртæстгонд фадатон дзырдтæ?<br>Абарстон здæхты иртæстгонд.<br>Æрхæцæн нысæнттæ иртæстгонд фадатон дзырдтæ æмæ абарстон здæхæнимæ. | Иртæстгонд фадатон дзырдтæ хъуыдыйады агурын.<br>Æрхæцæн нысæнттæ амонын.<br>Тексты иртæсгонд абарстон здæхт агурын æмæ йæ бацамонын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст.<br>Лексикæ. Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ.<br>Тире. | Тире сæйрат æмæ зæгъинаджы æхсæн.<br>Агурын хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ.<br>Бацамонын сын сæ бастдзинады хуыз æмæ æрхæцæн нысæнтты æвæрд.<br>Вазыгджын дзырдты арæзт бæрæг кæнын.<br>Дзырдтæ хицæн къордтыл дих кæнын сæ растфыссынадмæ гæсгæ.<br>Хъуыдыйæдтæ синтаксисон хуызы æвзарын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Ӕрдз æмæ адæймаджы ’хсæн гармони.**<br>Дзасохты В. фыст уацмыс. | Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын.<br>Тексты мидис хи ныхæстæй дзурын. Хъуыдыйæдты фæрстытæ иртæстгонд уæнгтæй ивынмæ арæхсын.<br>Дзырдуатмæ гæсгæ лæвæрд дзырдты нысаниуæг бацамонын. |
| 43. | Контролон куыст | | |
| | | **Комкоммæ æмæ фæрссаг ныхас** (4 сах.) | |
| 44. | Комкоммæ æмæ фæрссаг ныхас | Комкоммæ æмæ фæрссаг ныхасы тыххæй рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын. Искæйы ныхас зæгъыны фæрæзтæ. | Тексты агурын хъуыдыйæдтæ комкоммæ æмæ фæрссаг ныхасимæ, æмбарын сæ кæнын.<br>Зонын комкоммæ ныхасы арæзт.<br>Комкоммæ ныхасæй фæрссаг ныхас аразынмæ арæхсын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ. Сидæн. | Фæлтæрæны агурын хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ æмæ сидæнтимæ, анализ сын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ӕрдз – нæ дарæг.**<br>Гаглойты В. фыст уацмыс. | Тексты стиль бæрæг кæнын.<br>Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын. |
| 45. | Ӕрхæцæн нысæнттæ комкоммæ ныхасы | Ӕрхæцæн нысæнтты æгъдæуттæ комкоммæ ныхасы. | Комкоммæ ныхасы æмбарын кæнын æрхæцæн нысæнтты æвæрд.<br>Комкоммæ ныхасæй фæрссаг ныхас аразын, æрхæцæн нысæнттæ дзы æвæрын æмæ сæ амонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъудыйады æмхуызон уæнгтæ. Хъуыдыйæдты синтаксисон æвзæрст. Бæрæггонд дзырдты растфыссынад. Хъуыдыйады иртæстгонд уæнгтæ. | Тексты агурын хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ.<br>Хъуыдыйæдты синтаксисон æвзæрст кæнын.<br>Дзырдты растфыссынадыл кусын.<br>Агурын хъуыдыйæдтæ иртæстгонд уæнгтимæ, æмбарын сæ кæнын.<br>Бæттæгтæ æмæ бæттæг дзырдты руаджы хъуыдыйæдтæй фæрссаг ныхас аразын.<br>Дзырдтæн синонимтæ хъуыды кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Удварны миниуджытæ.**<br>Гафезы фыст уацмыс. | Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>Лæвæрд темæмæ гæсгæ цыбыр сочинени комкоммæ ныхасимæ фыссын. |
| 46-47. | Диалог. Цитатæ. Ӕрхæцæн нысæнттæ диалог æмæ цитатæйы | Диалогы æмбарынад. Цитатæйы æмбарынад. Диалог фыссыны æгъдæуттæ. Цитатæ фыссыны æгъдæуттæ.<br>Ӕрхæцæн нысæнттæ диалог æмæ цитатæимæ. | Диалог æмæ цитатæйæ пайда кæнын зонын фысгæ куысты.<br>Сæ арæзты æгъдæуттæ сын æмбарын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæ. Сидæн. Синтаксисон æвзæрст. Зæгъинаджы конд. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ. Миногон. Дзырдты конд. Фонетикон æвзæрст. | Хъуыдыйæдты агурын бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæ.<br>Ӕрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйæдты сидæнтимæ. Диалог.<br>Ӕрхæцæн нысæнттæ диалогон ныхасимæ. |
| | | **Ныхасы рæзт.**<br>**Удварны миниуджытæ.**<br>Тексты лингвистикон анализ.<br>Байматы М. фыст уацмыс. | Тексты фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Цыбыр текст рольтæм гæсгæ кæсын.<br>Текст хи ныхæстæй дзурын. |
| **8-æм къласы рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын æмæ ныффидар кæнын** (4 сах.) | | | |
| 48. | Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын | Дзырдбаст. Хуымæтæг хъуыдыйад. Хъуыдыйады хуызтæ загъды нысанмæ гæсгæ. Бæттæгтæ хъуыдыйæдты æмхуызон уæнгтимæ. Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст. Ӕххæст æмæ æнæххæст хъуыдыйæдтæ. Сидæн. Бахæсгæ æмæ бавæргæ арæзтытæ. Хъуыдыйады иртæстгонд уæнгтæ. Ӕмхасæн. Диалог. | Таблицæ дзырдбæстытæй баххæст кæнынмæ арæхсын.<br>Текстæй хъуыдыйæдтæ сæ загъды нысанмæ гæсгæ фыссын зонын.<br>Ӕмхуызон уæнгтимæ хъуыдыйæдты бæттæгты хуызтæ амонын.<br>Хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст кæнын. Текстæй æххæст æмæ æнæххæст хъуыдыйæдтæ фыссын æмæ сæ амонын.<br>Зонын сидæны æмбарынад, диалогы æмбарынад. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Удварны миниуджытæ.**<br>Ӕгъуызарты Ӕ. фыст уацмыс. | Бæрæг кæнын тексты хуыз.<br>Хъуыды йын кæнын сæргонд.<br>Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын. |
| 49. | Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын | Комкоммæ ныхас æмæ æрхæцæн нысæнттæ. Цитатæ. Бахæсгæ арæзтытæ. Ӕмхасæн. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ. Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ. Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст. | Комкоммæ ныхасимæ хъуыдыйæдтæн анализ кæнын.<br>Цитатæйы æмбарынад амонын.<br>Бахæсгæ арæзтытимæ хъуыдыйæдтæн анализ кæнын.<br>Текстæй иувæрсыг хъуыдыйæдтæ фыссын æмæ сын анализ кæнын.<br>Хъуыдыйæдтæн синтаксисон анализ кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Удварны миниуджытæ.**<br>Сиукъаты Н. фыст уацмыс. | Тексты хуыз бæрæг кæнын.<br>Сæргонд ын хъуыды кæнын. |
| 50. | Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын | Дзырдбаст. Хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст.<br>Ӕнæхххæст хуыдыйæдтæ. Зæгъинаг. Фадатон дзырдтæ. | Дзырдбасты хуызтæ иртасын сæ арæзтмæ гæсгæ.<br>Хъуыдыйадæн  синтаксисон æвзæрст кæнын. Ӕнæххæст хъуыдыйæдтæ цухгонд уæнгтæй æххæст кæнын.<br>Зæгъинаджы хуыз бæрæг кæнын. Хъуыдыйæдты  фадатон дзырдтæ  агурын æмæ сын сæ нысаниуæг амонын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Уалдзыгон æрдз.**<br>Дзасохты М. фыст уацмыс. | Текстæн сæргонд хъуыды  кæнын.<br>Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын. |
| 51. | Контролон куыст | | |

**Сæйраг домæнтæ 8-æм къласы скъоладзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм**

***Скъоладзаутæ хъуамæ зоной:***

- 8-æм къласы æвзагæй цы темæтæ сахуыр кодтой, уыдонæн сæ сæйрагдæрты раиртæстытæ;
- дзырдбасты нысаниуæг;
- домгæ бастдзинады хуызтæ дзырдбасты;
- дзырдбасты хуызтæ сæйраг дзырды морфологион арæзтмæ гæсгæ;
- дзырдты рæнхъæвæрд хъуыдыйады;

- хуымæтæг хъуыдыйады интонацион арæзт;
- сæйраг æмæ фæрссаг уæнгты морфологион арæзт;
- зæгъинаджы хуызтæ;
- фæрссаг уæнгты нысаниуджытæ;
- иувæрсыг хъуыдыйæдты хуызтæ æмæ сæ грамматикон æууæлтæ;
- æнæххæст хъуыдыйæдты арæзт;
- хъуыдыйады æмхуызон уæнгты бастдзинады фæрæзтæ æмæ иугæнæг дзырдтæ æмхуызон уæнгтимæ;
- иртæстгонд уæнгты хуызтæ;
- сидæнтæ, бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæ;
- комкоммæ æмæ фæрссаг ныхасы арæзт;
- литературон ныхасы домæнтæ;
- ирон æмæ дыгурон диалектты иуæй-иу грамматикон хицæндзинæдтæ.
- пунктуацийы æгъдæуттæ;
- тексты арæзт æмæ хуызтæ.

***Скъоладзаутæ хъуамæ арæхсой:***

- дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ (иувæрсыг æмæ дывæрсыг) аразынмæ;
- вазыгджынгонд хуымæтæг хъуыдыйæдтæ аразынмæ;
- хуымæтæг иувæрсыг æмæ дывæрсыг хъуыдыйæдтæ, хъуыдыйæдтæ комкоммæ ныхасимæ синтаксисон æвзæрст кæнынмæ;
- ныхасы мидис æмæ стильтæм гæсгæ синтаксисон синонимтæй пайда кæнынмæ;
- литературон нормæтæ æххæст кæнынмæ;
- вазыгджынгонд хуымæтæг хъуыдыйады æрхæцæн нысæнттæ æвæрынмæ;
- сæйрат æмæ зæгъинаджы ’хсæн, стæй æнæххæст хъуыдыйады тире æвæрынмæ;
- хъуыдыйæдтæ цухгонд бæттæнтимæ раст хъæлæсы уагæй кæсынмæ;
- цы орфограммæтæ ахуыр кодтой, уыдон амонынмæ æмæ рæдыдтытæ раст кæнынмæ;
- текст, тексты хæйттæ, ныхас, ныхасы стильтæ æмæ ныхасы хуызтæ бæрæг кæнынмæ;
- литературон-критикон уацхъуыдæй (кæнæ стыр уацхъуыды хайæ) конспект æмæ тезистæ аразынмæ;
- таурæгъон текст æххæстæй кæнæ йæ цавæрдæр хæйттæ хи ныхæстæй дзурынмæ (фыссынмæ) бынаты кæнæ исты цыртдзæвæныæрфыстимæ;
- сочинени-æрфыст фыссынмæ;
- сочиненитæ публицистикон темæтыл фыссынмæ, хи хъуыдытæ, цæстæнгас дзы æвдисгæйæ;
- фонетикон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион, синтаксисон æвзæрст кæнынмæ;
- дзырдуæттимæ кусынмæ.